

Lafwa Pafè

63-0825E

Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Papa nou nan Syèl la, se entansyon nou aswè a. Nou rasanble ansanm pou kwè sèlman, jis kwè Seyè Jezi nou an. Aswè a, genyen sila yo ki malad e aflije, e nou konsakre sèvis nou---nou--nou an aswè a pou gerizon malad ak kò brize yo. Bon, tankou chantè a jis te chante bèl kantik sa, *Epi Jezi Te Vini*, ke W vin sou sèn lan pou nou aswè a, Seyè, pou geri tout aflije yo, e pap gen yon sèl moun fèb nan mitan nou aswè a. Akòde l, Seyè, epi ede nou pandan n ap gade Pawòl la kounye a pou jwenn fwa ki sifi pou moman sa. Nou mande l lan Non Jezi. Amèn.

2 (Pou kimoun yo ye?) Genyen yon pè linèt isi a, yon moun te pèdi, ke yo te jwenn nan legliz la. Si yon moun...si se pou ou, ebyen, yo isi a sou estrad la, sou chè a.

3 Kounye a, mwen konnen gen anpil k ap travay, e yo dwe al lakay bonè, kifè mwen pap pale twò lontan; e apre sa fè yon liy priye pou malad. Sa ban m yon okazyon pou---pou fè ratrapaj nan kèk ka ijan yo ki jis te fèt nan pyès la, ratrape yo jis anvan yo vini kounye a, epi apre midi an. Kèk nan yo, natirèlman, yo trè, trè difisil epi vyolan. Mwen t ap fè apèl yo, tou, pou ap priye pou malad yo. Poutèt m te wè men Seyè Jezi nou an t ap geri malad ak aflije yo, ala Li jis mèveye!

4 Bon, se pa souvan, nou antre nan sèvis gerizon sa yo, paske abityèlman nou...Sentespri a konn vini si gen ka ijan, e Li konn disène l touswit, e l konn pran l pou di kichòy sou sa. Lè sa rès yo, enben, nou jis...petèt se pa anyen pi grav, kifè nou jis pase sou sa. E m t ap panse, kòm m ap isi a de fwa jodi a, sa t ap kòrèk ke nou konsakre on sèvis lapriye pou malad. Mwen kwè nan

gerizon malad. Mwen kwè se yon lòd Biblik. Nou pa ka preche sa, san...Levanjil konplè a, san nou pa enkli sa.

5 Kounye a, li posib...Mwen poko konnen, mwen poko rele lakay ankò aswè a, li ka posib ke Dimanch pwochen mwen retounen isi a ankò. E si w---si w pa gen nouvèl nou semèn sa, si Billy pa enfòmè w (l ap konnen on tijan pi ta nan semèn lan), si w pa tandè anyen, alò nou va isit la ankò Dimanch pwochen; paske sa ap pèmèt ou genyen konje Fèt Travay la, ou wè, pou repoze w, e konsa...oswa pou al lakay. Ou wè? Kifè n ap eseye, si Seyè a vle. Bon, ebyen, si w pa tandè...Mwen kwè Billy ap ba w yon kat, oswa ap di w li kanmenm pandan sèvis yo, kifè si l pa rele w, sè ke m ap retounen Dimanch pwochen k ap vini an---an. Si Frè Neville, si se annòd, youn nan sèvis yo? [Frè Neville ap pale ak Frè Branham---Editè a.] O, se byen.

6 Si yon moun vle konnen, ti Collins sa, n ap gade la. Pandan tan Sèt So yo, doktè te di konsènan ti gason sa, ak rimatis nan jwenti, ke li te dwe lonje sou do l pou ap bwè avèk yon tib; se---se te fini. Papa l ak manman l te mennen l sot lakay yo e yo te mete l nan pyès la, pou yo te priye pou li. E Seyè Jezi a te geri l sitèlman konplètman, li te retounen al lekòl; e otorite yo te rele yo sou sa. Kidonk yo te rele espesyalis ki t ap konsilte l la, e manzè pa t ka kwè...Li pa t ka kwè yon bagay konsa, yo te desann ak ti gason an pou sibi on tès, e li te pafètman nòmal epi byen pòtan. Alò, Jezi te vini, pwisans tantatè a te brize lè sa!

7 Ou konnen, bagay etranj, mwen ta pral mande yon moun pou chante kantik sa aswè a. E pandan m t ap bay sèvis nan pyès la la, men ni ki te enspire m, yon moun t ap chante l lòt kote a la, *Epi Jezi Te Vini*. Si yo pa t chante sa---sa, m ta pral mande yon moun pou chante l anvan mwen---mwen te pale aswè a. Kidonk, Li---Li byen aranje tout bagay.

8 Bon, anpil lan nou pral tann jouk nan maten, sa yo ki pral rale yon gwo distans, mwen---mwen apresye efò sa---sa. Kèk lan nou pral kondwi pou al lakay aswè a paske nou gen pou al travay lè jou leve, nan maten, epi mwen---mwen konnen se pa fasil. Alò lè m ap panse, pou wè ke,...

9 Mwen tou mwen konn fè ti kriz, nou konnen; mwen konn mosad. Mwen konn rive nan yon pwen kote mwen...Sa ki atenn mwen se lè m nan ti kriz sa yo lè m travay depase, epi Satan vin ap di m, "Enben, pèsonn pa sousye de ou. Ou pa vrèman gen yon sèl zanmi nan mond lan, ou wè." Epi konsa...

10 Sonje, mwen pa iminize kont tantasyon. Ou wè, mwen dwe venk sa. Alò lè m vire gad dèyè pou wè yon bagay konsa, m mete l drèt nan figi l pou di, "Kisa w di pou sa?" Sa ede m ranpòte--ranpòte laviktwa. "Kisa w di pou sa?"

11 Tankou youn nan zanmi kèlkonk mwem yo, ki la nan---nan reyinyon an isit la, te gen yon---yon---yon klan, on jan de klan---klan ki pa kwè nan gerizon divin, yo te vin kot jèn jan sa sa pa fè lontan pou di l, "Grimas sa y ap preche la konsènan gerizon Divin sa, pa gen anyen nan sa."

12 Nonm sa ap viv nan Kentucky, toupre yon dam aje, lè nou te nan koloni Acton Campgrounds lan, ki t ap mouri ak kansè. E sè li te vini nan reyinyon an jou swa sa avèk yon mouchwa li te pran e ki te nan bous li, e Sentespri a te rele dam lan laba (mwen pa t janm ale nan pati sa nan peyi a) e Li te di l ke "li te gen yon mouchwa nan bous li, ki te avè l la, li te pran l soti lakay li, e sè li a te anwo a sou yon otè la, ap mouri ak kansè lestomak. Doktè yo te abandone l." Mwen te di, "Al mete mouchwa a sou dam lan, paske ENSI DI SEYÈ A, 'Li va viv.'" E se te lanwit, vwazen anwo la yo te panse se te Ame Di Sali, kan Frè Ben te monte al la, pou mete answit...Epi---epi dam sa te sitèlman pafètman geri jouk li te fè pwòp travay pa l ak travay vwazen yo.

13 Kifè jènnòm sa, poutèt li konn sa, li te di, "Alò eksplike ka l la! Sa te regle ka a. Eksplike; ou konnen li te gen kansè. Li te isi a nan Louisville e doktè te fè l operasyon, e yo te senpleman vire l, 'te koud li, te retounen l nan plas li. Anyen pa t ka fèt.' E kounye a li pafètman nòmal, byen pòtan." Li te di, "Eksplike sa." Sa te regle ka a. Ou wè?

14 Ou konnen, nan Bib la, sa di, "Yo pa t ka di anyen menm, paske nonm lan, ke mirak la te fèt sou li a, te kanpe drèt nan mitan yo." Se la ke nou...Sa fè Satan wont, se pa vre? Nonm lan ke mirak la te akonpli sou li a te kanpe la.

15 Èske Bondye resisite mò? Men yon nonm la, drèt la, ki te resisite sot nan lanmò. Bondye geri malad? O la la, gen men ki ka jis leve tout kote. Bondye geri malad. E nou konnen Li se gran--- gran JE SUIS a, pa gran “Mwen te ye” oswa “pral ye”; JE SUIS. Se sa. *JE SUIS*, sa vle di “toujou prezan, tout kote, tout tan”; menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

16 Kounye a, pou depeche nou, annou tounen la nan Bib beni an. Mwen vle li yon---yon pasaj ki---ki te abitye jis “fè m vire tounen” lè m li l. E mwen vle gen yon liy priyè aswè a, epi priye pou tout moun ki vle yo priye pou yo.

17 Bon nou pral ale nan Mak, Sen Mak, chapit 11 Sen Mak. E n ap kòmanse li apeprè vèsè 22 chapit 11 Sen Mak. E anpil lan nou konn Ekriti sa, Li trè familye. Se te Ekriti mwen t ap panse avè l la, Frè Russell, kan sila yo...kan Li te pale avè m konsènan ekirèy sa yo. E yo...se Ekriti sa menm ke mwen t ap panse a li a. Sa te toujou yon kastèt. Li di, “*Si ou di*” pa “*Si Mwen di*”. “*Si ou di!*”

18 Kounye a, annou li.

...Jezi te reponn pou di yo, Gen lafwa nan Bondye.

Paske an verite Mwen di w, Ke nenpòt moun ki va di montay sa, Deplase, al nan lanmè a; e ki pa doute nan kè li, men ki va kwè bagay sa yo li pwononse ap akonpli; li va jwenn kèlkeswa sa li mande a.

Kidonk Mwen di nou, Kèlkeswa bagay ou vle a, lè n ap priye, kwè nou resevwa yo, e nou va jwenn yo.

E kan w kanpe pou priye, padonnen, si w gen kichòy kont on moun : pou ke Papa nou tou...pou ke Papa nou tou ki nan syèl la ka padonnen dezobeyisans nou yo.

19 Bon, konsa, lafwa baze sou padon. E alò, jan nou te di maten an, pou ap eseye mennen legliz kote nou ka vrèman wè tan apostolik ap viv pami nou, se pou sa nou grangou. E sa jis blayi drèt

nan papòt la. Nou wè l, men nou vle wè plis ankò. Nou vle l sitèlman ap koule ke sa va---sa va yon èd pou nou, apati de nou soti ap koule pou lòt.

20 Sonje, Jezi (tankou nou te genyen l nan leson maten an), pa t janm itilize pwisans Li pou Limenm, Li te itilize L pou lòt. Se pou sa sa te voye. E ou ka panse pafwa, “Poukisa yon Nonm ki te sitèlman ranpli ak pwisans, tankou Li, ta dwe janm malad?” Wi, mesye. Mwen te li nan yon liv, kèkpa, kote lè Li te fin resisite jèn gason sa, pitit vèv Nayin lan (Mwen kwè se, *Prens Kay David La*), Li te al chita sou yon wòch ap jemi ak yon mal tèt. Ou wè? Li te pote enfimite nou yo. *Pote* vle di “chaje yo.” Ou wè, Li te pote yo. E Li te gen tout bagay nan...tankou nou. Li te gen maladi, Li te gen tantasyon, Li te konn gen twoub, Li te konn gen fristrasyon menm jan avè nou, paske Li te dwe jan de Medyatè kòrèk la; kidonk Li te dwe patisipe, responsab pye fwi a, anvan yo te rekonèt Li. Fanm bò kot pwi a ak anpil lòt bagay, ou wè, si n ap gade dirèk nan Lèzekriti.

21 Mwen vle di ke mwen kwè chak Ekriti, e chak tikras Ladann se verite. Gen kritik jodi a ki pa vle kwè sa. Gen on kritik yon lè ki te di “lè Jezi te voye disip sa yo ale kote bourik sa te tache a, kote 2 chemen te kwaze, Li te aranje sa davans pou bourik sa te mare la.” Ou wè, yo pa konprann ke se *Bondye* ki aranje sa davans.

22 Bondye te di m lòt jou, konsènan Frè Dauch ki isi a, ke mwen t ap “ba l lanmen ankò, nan lari a.” Sa trè etranj, mwen pa t la jou maten sa; men 2 minit pi ta, oswa yon minit pi ta, mwen pa t ap rankontre l nan lari a. Men mwen te soti nan machin lan jis a tan pou ba l lanmen pandan li t ap vini, sou lari a. Li pa t rekonèt mwen; li pa t gen linèt li, li pa t ka wè m. Kan l te tandè vwa m, li te kòmanse kriye. Kisa sa te ye? Dabitid li pa aji konsa, men se te yon repons a sa k te di pou li anwo a la anba bonbòn oksijèn lan; ke li t ap fè sa.

23 Mwen te di tou, “Ou gen pou w chita nan legliz la ankò”; se te dezi kè li. Kan nou te gen reyinyon Chicago a, li te vle vini nan reyinyon sa, kè l te dezire sa. Mwen te voye yon telegram salitasyon ba li lan non nou tout ak timoun yo, pou te di l ke nou t ap priye pou l te vin byen, rapid vit. Epi yon frè byen emab, ki te vizite l, te di ke li---li jis te vle vini ak tout fòs. Men li ki chita isit la,

aswè a, avèk nou. Ou wè? Sa pa t aranje davans. Menm Bondye a aranje sa davans, Li fè ke tout bagay mache pafètman nan chak ti detay.

24 Yon lè on kritik te di ke “Se pa etonan Jezi te ka pran senk pen pou nouri senk mil,” li te di, “pen yo te pi gwo a lepòk, e Li te jis koupe chak pen pou nouri mil.”

25 “Mwen vle fè w remake, se yon ti gason ki te genyen l nan bwat pou manje li!” Yon timoun ki t ap mache ak senk pen ki te ka nouri senk mil moun, vant deboutonnen. Alò kisa k te rive a douz panye ranpli yo te pran apre a? Ou wè? O, yo jis...se jis moun k ap kritike, se jis sa sa ye. Sa pa chanje Pawòl Bondye a. Se menm lan, ou wè, jis kontinye.

26 Bon, nou vle pale kounye a sou lafwa, yon diferan tip de fwa : *Lafwa Pafè*. Sa se yon gro zafè. Bon, lafwa, yo fè nou konnen nan Bib la, “Lafwa vini apati de sa w w ap tandè.” Kounye a, ou pa ka sove san lafwa. E lafwa se yon bagay ke ou dwe kwè ki la, ke anyen lòt pa ka deklare sof lafwa. Bon m ap eseye pote lafwa ba ou, pou w kapab prè pou liy priyè sa, nan pwochen kèk minit yo.

27 Kounye a, parapò a lafwa : “Sila ki ap pwoche Bondye dwe kwè Li egziste.” E li enposib pou--pou fè Bondye plezi san lafwa, ou pa ka fè L plezi. E si w di ou kwè nan Bondye...ou pa janm wè L, ou wè, kifè la ou dwe kwè Sa pa lafwa. E si w ka wè L, sa pap lafwa lè sa. Ou wè? Tout bagay ke sans yo deklare, sispann lafwa, sa vin yon fè syantifik; ou wè, se pa lafwa ankò. Men ou dwe aksepte L pa lafwa. “E sila k ap pwoche Bondye dwe kwè Bondye; e lafwa vini apati de sa w ap tandè nan Pawòl Bondye a.” Ou wè? Ou dwe kwè dabò Sa a se Pawòl Bondye, e ou dwe vin jwenn Bondye pa Pawòl la. Ou wè? Jis pran Pawòl la, sa L di, epi “Se kòrèk!” Tout lòt bagay ki kontrè a Sa, pa kòrèk.

28 Abraham te dwe kwè sèlman sa Vwa sa te di l. E lè li te aje de santan, venn senkan pi ta, li te pi djanm ap kwè Sa ke sa te ye venn senkan pase kan yo te ba l Sa. Ou wè? Li te kwè L. E “Li pa t fè neglijans konsènan pwomès Bondye a pa enkredilite, men li te fèm, ap bay Bondye lwanj, konsyan ke Li te kapab akonpli sa L te pwomèt la.” E se fason an sa, chak moun dwe vin fason

sa. Ou dwe vini avèk yon fwa ki pap fayi, pou ap kwè ke Bondye te fè pwomès la. Men kounye a, ou dwe vin nan yon pozisyon pou w gen fwa sa, e se sou sa nou pral pale la; ou wè, pou resevwa fwa sa.

29 Nan Ebre, Liv Ebre a, chapit 11 lan, yo di nou sa.

...lafwa se sibstans bagay nou espere yo,...

30 Bon, men kote anpil moun echwe pou resevwa gerizon yo a, oswa sa yo mande a, se paske yo pran lafwa pou yon bagay ke li pa ye. Ou wè? Yo pa kwè sa. Li---li se...se---se pa imajinasyon. Se yon sibstans reyèl.

31 Kounye a, koute byen! Ou wè, se pa sa ou imajine. Sa jis osi reyèl pou ou ke nenpòt lòt bagay youn nan sans kò w yo ta deklare. Sa jis osi reyèl ke sa jye m montre, "Sa a se yon bout papye." Sa osi reyèl ke mwen ka di "sa se yon limyè." Sa jis osi reyèl ke m ka di, "Mwen touche kostim mwen an." Sa jis osi reyèl ke---ke m ap tandè ti bebe a ap pale la, oswa ap fè bwi. Ou wè, jis reyèl nan pwèn sa, tankou mizik k ap jwe a. Sa osi reyèl ke lè m goute yon bagay nan bouch mwen. Sa reyèl nan pwèn sa, sèlman ou pa ka montre yon lòt moun li. Se ou sèlman ki genyen l. Amèn! Se pa w. Lafwa se sibstans *lan*; ou wè, pa jis yon lejand. Kidonk, anpil moun vini...

32 Bon, bagay sa yo se vrèman dè leson ki pwofon, e m ap fè jis touche tèt la, alò ou menm fouye desann ladann. Ou wè?

33 Remake, se yon bagay ke ou posede; pa imajinasyon, si w vrèman genyen l. Li jis osi reyèl pou ou ke nenpòt lòt bagay ki ka la. Sa jis osi reyèl ke---ke w konnen w ap---w ap woule otomobil ou. Sa jis osi reyèl ke w konsyan ou retwouve w nan legliz la. Sa jis osi reyèl ke w ap tandè vwa mwen. Se yon sibstans, pa yon imajinasyon, pa yon emosyon; men yon bagay ke w posede, e sa vin jwenn ou lè w ap tandè Pawòl Bondye a, e sèlman Sa. "Lafwa vini lè w ap koute, e lè w ap koute Pawòl Bondye a." Sa retounen l kote fwa w ye, la, se pa nan yon endividi. Se pa nan yon nonm. Se pa nan yon òganizasyon. Se pa nan yon gwoup moun. Se nan Bondye, paske Bondye se Pawòl la. Ou wè? Fwa ou nan Bondye.

Lafwa vini ak tande Pawòl Bondye a.

34 Alò kan Bondye, pa Pawòl Li,... pa pa sa yon lòt moun te fè, sa yon lòt moun te di, men pa sa Pawòl Bondye a te di. Li di, “Ke pawòl tout moun ka yon manti, men Pawòl pa Mwen laverite.”

35 Bon, lè w wè yon lòt moun fè yon bagay dapre zèv oswa dapre ak Bondye, oswa yon pwomès Bondye; epi anpil nan yo di, “Mwen ka fè sa, tou.” Sa se yon imajinasyon. E kan yo fè sa, ou jwenn yo echwe kèkpa deyò a la. Sa dwe yon sibstans. Kounye a, potansyèlman sa se yon jan de fwa, tankou w ta ka mande m yon pyebwa t chèn, epi mwen ba ou yon semans chèn. Potansyèlman ou gen yon pyebwa t chèn, men li poko repwodwi tèt li ankò; men kan l vrèman devlope, se yon pyebwa t chèn. E lè ou imajine ke Bondye fè sesi,... Men lè sa revele a oumenm, alò se lafwa, yon Fwa Pafè ki pa ka fayi.

36 Se rezon sa ki fè vizyon sa yo sitèlman---sitèlman ekstraòdinè pou mwen, se paske sa te pwouve se “kòrèk” chak fwa. Ou wè? E mwen konnen li te pwomèt sa. E Li te pwomèt sa nan Pawòl Li, e men Li ki te vini epi pwomèt sa pou jodi a. Kidonk, ou konn ki kote w kanpe, kan l di sa. Ou wè, sa ban m yon fwa, paske Li pa janm fè anyen kontrè ak Pawòl ekri Li. Ou wè? E si sa te kontrè a Pawòl la, mwen pa t ap ka gen fwa ladann. Sa mennen w tounen dirèk ankò nan Pawòl la, ou wè, lafwa pandan w ap tande Pawòl Bondye a. Ou dwe tande Pawòl la! Pawòl Bondye a se Pawòl tou sifizan sa. Se tout sa w bezwen, Pawòl sa a.

37 Kounye a piske lafwa se sibstans lan, e ke ladann nou jwenn (nan Ebre) kisa lafwa te ye, e kisa sila yo ki te gen lafwa te fè. Ou wè, gen anpil lè moun yo gen lafwa jodi a, epi demen yo pa genyen l; jou apre a gen yon *bagay* epi yon lòt *bagay*. Men yon fwa ke Bondye fin ankre l, pou w wè l, pa gen anyen ki pral janm fè w elwaye w de li. Ou fè jis ap pikose, ap etann, ap pretann. E pretann se “ale an avan san otorite”; ou jis ap eseye sesi, epi ap eseye sa a, epi ale nan direksyon sa a, epi kouri *pa si*, ak kouri *pa la*. Ou poko gen Lafwa ankò! Men kan...sa se sa nou rele “Lafwa.”

38 Mwen---mwen---mwen...Ekskize m. Mwen vle ke ou...Mèsi, frè.

39 Mwen---mwen vle w sezi sa kounye a. Nou...Legliz dwe souleve Tèt li monte nan pwisans Bondye. Kouman? Nou twò pwòch lafen, kounye a; e mwen kwè Legliz nan yon kondisyon kote nou ka anseye L bagay on ti jan pi pwofon, pou fwote kèk nan swadizan kwayans sa pou mete yo deyò, ou wè, epi antre nan yon bagay reyèl. Ou wè? Sa dwe yon bagay ke ou konnen!

E si w di, "Frè Branham, sa se pa limyè a."

"Poutan mwen konnen se limyè a."

"Kouman w fè konnen se limyè a?"

"M ap gade l la."

"Ebyen, kouman w fè konnen ke w pa ka twonpe w?"

"Sans wè pa m nan te toujou deklare m ke sa se te limyè." Ou wè?

40 E se poutèt rezon sa mwen kwè vizyon sa yo, paske sa te toujou deklare m verite a, paske li soti nan Pawòl la. Ou wè? Alò si L di li, sa regle kesyon an. Bon, kan sa deklare konsa, pa gen ankenn travay devinèt, sa pral rive. Alò w ap tandè "ENSI DI SEYÈ A," ou wè, paske sa---sa depase panse imen. Se pi wo nan domèn panse Seyè a. Men ou ret kanpe isi a, jis tankou pye Viy rezen an...jis tankou yon branch k ap pwodui fwi ki nan pye Viy rezen an. Ou wè? Bondye itilize lòm, e sèlman lòm. Bondye pa itilize machin izin. Bondye pa itilize gwoup moun. Bondye pa itilize òganizasyon. Bondye itilize endividi, toujou!

41 Kounye a, lafwa se sibstans lan, e se pa li, nou konprann, ke tout bagay sa yo te fèt. Se pa yon---se pa yon imajinasyon, se yon sibstans; espesyalman Lafwa Pafè. Se sou sa m ap pale aswè a, m ap rive sou Lafwa Pafè. Se pa yon imajinasyon.

42 Bon, lòt yo, gen moun ki vin di, "O, mwen gen anpil fwa; o, se sèten mwen genyen l." Ebyen, poukisa w kanpe la, alò? Ou wè? Ou wè? Ou wè, pwòp---pwòp aksyon w pwouve ke ou gen sa

w ap pale a. Ou wè? Si w te gen lafwa, alò kisa w ap fè nan liy priyè a? Ou wè? Poukisa w ap fè bagay sa yo?

43 Ou wè, si w te gen Lafwa Pafè, ou t ap gade drèt nan direksyon Bondye pou kwè sa, epi al fè wout ou. Ou pa t ap---ou pa t ap gen bezwen vin nan yon liy priyè. Ou pa t ap gen bezwen bagay sa yo, paske fwa w t ap fè l konsa. Ou wè? Akwa bon pou m t ap di, “Mwen dwe mete yon chemiz sou mwen”? Mwen deja gen yon chemiz sou mwen!

44 “Kouman w fè konnen ou gen yon chemiz sou ou?”

45 “Ebyen, mwen wè l, mwen touche l, e mwen konnen li la.” Ebyen, se jis jan sa sa reyèl lè Lafwa Pafè pran kontwòl. Ou pa---ou pa bezwen anyen. Sa deja fèt; ou konnen sa.

46 “Kouman w fè konn sa?”

47 “Lafwa di m sa!” Se fini. Ou wè? Èske w sezi kounye a, sa m vle di a? Lafwa Pafè sa.

48 Bon, lòt fason yo, m ap avantire m, “Ebyen, mwen prale. Bib la di, ‘Rele ansyen yo, kite yo wenn ou ak lwil, priye sou sa.’ Mwen konnen, m pral monte.” Epi ou di, “Ebyen, mwen pral geri.” Ou wè, w ap fabrike oumenm; ou pa vijilan la, ou pral fabrike oumenm jis---jis ap fè jèfò. Alò kan se tou pa l, li di, “O, mwen---mwen toujou poko wè.” Ou wè, men ki kote w te ye, ou pa t gen lafwa!

49 Fwa otantik ou ap fè l drèt la. Fwa---fwa otantik ou va rann li sitèlman reyèl pou ou ke...Gade ti fanm ak pèt de san an, li te di, “Si sèlman mwen te ka touche bò pan rad Li, mwen t ap geri.” E osito ke l te fè sa, manzè te di li “te santi anndan l ke emoraji san l lan te rete.” Li te kwè l an reyalite.

50 E kan li te touche L...pou pwouve ke sa te rete---te rete, Jezi vire tounen pou di, “Kimoun ki te touche M?” Sa se Lafwa Pafè! E menm Fwa Pafè sa aswè a, va touche Jezikri jis menm jan sa te fèt lè sa. Fanm lan te vini ak yon Fwa Pafè pou tan sa.

51 Bon, kounye a nou wè, pou kòmanse disip yo pa t gen Fwa Pafè sa. Yo pa t genyen l, paske Kris te avèk yo, yo t ap mache avèk Li; men alò apre sa, Kris te nan yo. Konsa, ou wè, se difisil alò pou jwenn Fwa Pafè sa a san Sentespri a; Li dwe mennen l, Li fè sa. Bon, ou di,

“Disip yo pa t gen Fwa Pafè?” Non; paske yo te gen yon timoun epilepsi la, ke yo t ap eseye chase demon an de li, yo pa t ka fè l.

52 E papa a te wè Jezi ki t ap vini, e li te di, “Nou te mennen pitit mwen an bay---bay disip Ou yo, e yo pa t ka geri l.” Ou wè?

53 E apres, disip yo te mande Jezi, yo te di, “Poukisa nou pa t ka geri l?”

54 E Jezi te reponn, “Akoz, mankman fwa nou, enkredilite nou.” Se vre. “Akoz enkredilite nou nan...”

55 Kounye a sonje, yo te gen pwisans lan. Jezi te ba yo pouvwa pou geri malad, pou resisite mò, e pou chase demon, jis kèk jou anvan sa. Yo te gen pwisans lan, men pa lafwa pou itilize pwisans lan. Bon, men Branham Tabènak la! Men Legliz, Lepouz, jodi a! Sentespri a la avèk pwisans lan, men oumenm, ou pa gen fwa sa pou fè l aji. Ou wè sa m vle di a? Sa pran lafwa pou fè l aji.

56 La a : mwen gen yon chanm a kanon pou chaje alamen. Mwen konn kisa sa ap fè dapre balistik la, tankou Pawòl la, men mwen dwe tire fè fe ak fizi sa. Dife a dwe atenn poud la. Poud la gen pwisans lan, men li dwe jwenn dife pou limen l. E se menm bagay la, poud la nan chanm lan, men li bezwen lafwa pou chaje l epi fè l soti. Se sa sa pran, ou wè, Lafwa Pafè, pou limen pwisans Sentespri a ke nou genyen kounye a menm, depi Li te vin sou nou an; lafwa pou limen l, pou wè gwo bagay, dwe...lafwa, yon bagay ki prezante l ba ou.

57 Avèk yon kè ranpli ak lajwa, ou antre nan chanm malad la, konsyan egzaktman de sa ou pral di. Antre la epi konsyan de sa ki pral rive, yon bagay te deja revele, e ou konn sa. Epi ou antre, “Lan Non Jezikri, leve kanpe. ENSI DI SEYÈ A!” Men ou; sa se Lafwa Pafè. Si ta gen dis milyon

moun kanpe la ap di sa pap rive, ou konnen sa ap rive kanmenm, paske ou konn sa. Sa pral rive. Pe enpòt sa nenpòt lòt di, ou se sila ki gen lafwa.

58 Èske w ka imajine w, Jozye, ki ta rele ansyen yo Izrayelit yo ansanm pou di, “Uh, frè, nou se sèvitè Seyè a, mwen ta renmen pou nou di yon...mande Seyè a si sa t ap kòrèk pou---pou L ta bannou yon tikras plis limyè solèy, ou wè, pou kenbe solèy la pou on ti tan”?

59 Nah; li te bezwen I (e san priyè, san anyen), li te bezwen I, e li te jis kòmande solèy la! Li te di, “Kanpe la! Mwen gen bezwen, e mwen nan sèvis Seyè a, Li te voye m bò isit la pou fè travay sa, e m ap fè mye jan m konnen an, e lenmi an ap pran jarèt, yo te pati kite isi a; si m kite solèy la desann, yo pral rasanble pou ban m plis twoub. Kidonk, rete trankil! Epi, oumenm lalin, rete sispandi la!” Amèn; li te rete sispandi la pandan venn katrè.

Òò [Asanble a di, “” ---Editè a.]

60 Kounye a, si monn nan ap vire epi li rete I, epi solèy la te ret an plas epi I pa deplase, kisa k te pase lè sa a? Kounye a, ou fè de ou yon enfidèl, si w admèt sa a; e answit, si w fè lekòtrè, asire w ke lasyans ap lolo w, paske yo te di si mond lan kanpe, I ap tonbe. Ebyen, kounye a se kisa? Epi si w di ke Pawòl Bondye a pa vre, alòs, ou se yon enfidèl. Ou wè? Men sa te rive, sa a se bagay ki pi enpòtan an. M pa konn mekanik ki fè I la, men li te rive!

61 M pa konn mekanik Sentespri a, men mwen konnen L te tonbe sou mwen. Mwen—mwen pa ka di mekanik ki fè I la, men mwen konnen benediksyon li yo. Sa—se tout sa mwen—m enterese konnen, se benediksyon Sentespri a. E mekanik la, se li ki fè I fonksyone. Se sekre pa I.

62 Ti gason sa a pa t kab geri, paske... Disip yo te gen pouvwa; Jezi te ba yo pouvwa pou yo geri tout kalite maladi, pou chase move lespri yo, pou pirifye moun ki gen lalèp yo, epi pou yo te resisite mò. Li te ba yo pouvwa, men yo pa t gen lafwa pou opere pouvwa ke yo te genyen an. E alò, yo te poze Jezi kesyon an epi yo te di: “Ebyen, poukisa nou pa t kab fè sa?”

63 Kounyeya, sonje, yo te gen Pawòl la; Epi Lè sa a, Pawòl la te chè. Epi Pawòl la te di yo: "Mwen ba nou pouvwa." Amèn! "Mwen ba w pouvwa." Epi yo te gen pouvwa a, men yo pa t gen lafwa pou opere Pawòl ki te nan yo a. Ou wè sa m vle di? Men, Jezi te genyen l, Li te Pawòl la, epi L te gen lafwa ke sa L te di yo pral rive. Li di: "O, mennen l la a. Pou Konbyen tan mwen pral andire w?"

64 Li te gen lafwa, ak pouvwa Li. Ki jan L te fè? Li te di, "Mwen menm pa ka fè anyen." Poukisa? Li te konte sou sa Li te ye; Li te konte sou konfyans ke L konnen ke se Li ki Pawòl la. Epi li te gen lafwa nan Bondye, ki te fè l Pawòl la. Li te Bondye (Pawòl la), epi yo te nan Li, e sa ba L lafwa paske L te konprann pozisyon L. Li te konnen sa l te ye, paske Ekriti a te di ke L se sa a. Epi la a chak ekriti te lye ladann, pou pwouve ke L te egzakteman sa ke Ekriti a te di ke L ta dwe ye a, epi Li te konnen kisa L te ye.

65 Se poutèt sa, Li te konte sou sa ke Bondye te fè l la. E si L te fè sa, èske n pa ka konte sou sa Bondye te fè de nou antanke kwayan? "Siy sa yo pral swiv moun ki kwè yo!" Li te gen lafwa nan sa Li te ye a. E si w se yon kwayan, ou gen lafwa nan sa w ye a: ou se yon kwayan! Epi si w gen lafwa nan Bondye, Bib la di la a nan ... " Si nou—si kè nou kondane nou, alò nou pa ka gen lafwa; Men, si kè nou pa kondane nou, lè sa a nou gen lafwa, nou gen konfyans nan Bondye." Si w vle li sa, ale nan Sen Jan 3:21. Mwen te ekri Ekriti yo la a.

66 Kounye a, remake, Sen Jan... Mwen vle di Premye Jan 3:21. Remake. ...si kè nou pa kondane nou, alò nou gen asirans nan Bondye.

67 Men toutotan ke w ap fè bagay ki mal, ou pa ka gen konfyans nan Bondye. Se konsa, ou wè, ou kab... ou pral otomatikman konnen ke w antò. Ou otomatikman mete w nan plas yon pechè, lè w konnen ke w nan erè. Men, lè kè w pa kondannen w, epi ou konnen ke w se yon kwayan, e pa gen anyen ant oumenm ak Bondye, ou ka mande sa w vle epi konnen ke L pral ba w li, paske se Pawòl ke yo te ba w la jis tankou l te ye pou disip sa yo.

68 Kounye a, sèl bagay ou dwe fè lè sa a, se gen lafwa nan sa w ye a. Gen lafwa nan sa Pawòl la di w ye a! Epi Jezi te gen lafwa nan Pawòl Bondye a, ki te di sa L te ye a: “Li te ekri de mwen.” Eske David, nan Sòm yo; ak pwofèt yo, e yo tout pa t pale de Li? “Mwen se Pen lavi ki soti nan syèl la nan men Bondye.” Amèn! “Mwen se Pyebwa lavi sa a ki soti nan jaden Edenn nan. Mwen se tout bagay sa yo, Mwen se sa Mwen ye a.” Epi li te konnen avèk Lafwa Pafè sa a, ke Li te Mesi ki te wen nan, ke Lespri Bondye a te sou Li. Li te di, “Koulye a, Mwen menm, nan Mwen, M pa fè anyen; men se lafwa Mwen nan Bondye.” Epi Bondye te nan Li, Pawòl la te manifeste. Epi lè Pawòl Bondye a vin nan ou, ou te manifeste l, paske w se yon kwayan. Ou wè? Epi yon kwayan se “lafwa Bondye a k ap aji nan ou”.

69 Ou renmen sa? Mwen—mwen—mwen renmen lè ou...mwen renmen ansèyman kote ke...kouman pou...ki sa lafwa reyèlman ye.

70 Li te konn kiyès Li te ye, san okenn dout, Li te konnen ke L se Pitit Bondye a. Li te konnen l, paske Pawòl la te idantifye. Pawòl Bondye a te idantifye kiyès Li ye. Li di: “Si M pa fè zèv Papa M, pa kwè Mwen; Men, si—si Mwen pa fè zèv sa yo, pa kwè Mwen. Men, si Mwen fè sa, lè sa a kwè zèv yo, paske yo se Pawòl manifeste ki te pwomèt la.” Oh, si w ta ka jis reveye ak sa, yon minit! Ou wè, Pawòl la Li menm te idantifye li, ki moun li te ye. Epi li di: Ki moun ki ka kondannen m pou peche? Nan lòt mo, “Ki moun ki ka montre m ke lavi mwen ak zèv mwen yo pa akonpli egzakteman sa Mesi a ta dwe fè?” Pèsonn pa t kapab di anyen; paske se te Limenm. Lè sa a, Li te gen lafwa pou L kwè, alò; kèlkeswa sa L te di, Li ta rive.

71 Apre sa li vire tounen epi li di: “Zèv ke m ap fè yo, Nou menm tou pral fè yo. Nan yon ti tan, epi mond lan p ap wè M ankò; Poutan noumenm nou pral kapab, paske m pral la avèk ou, menm nan ou. Pa panse a sa ke n pral di, paske se pa nou menm ki pral pale, se Papa n ki abite nan nou an; Se li menm k ap pale. Epi se pa mwen, se Papa a ki abite nan mwen, se li menm ki fè zèv yo.” Ou wè sa m vle di a?

72 Kounye a, idantifikasyon yon kretyen eskriptirè se, Pawòl sa yo ke Jezi te di: “Siy sa yo pral swiv moun ki kwè yo.” Kounye a, ki jan w ka rele tèt ou yon kwayan, yon moun, epi nye Pawòl sa

yo? Ki jan ou ka rele tèt ou yon kwayan epi nye yon bagay nan Pawòl sa a? Ou wè? Ou pa ka fè li. Ou pa yon kwayan, kidonk siy yo pa ka swiv, paske ou jis aksepte sa w vle kwè a epi kite rèss la... ou pa pral— kwè Li. Men, ou dwe pran tout bagay la, epi kwè Li. E lè w kwè tout bon (pa swadizan kwè, men vrèman kwè), lè sa a siy sa yo swiv sila yo ki kwè.

73 Oh, èske w ka konpare yon kretyen jodi a ak kretyen nan tan lontan yo? Ki jan disip yo te mache nan pwisans Lespri a, pouse pa Sentespri a, yo fè sa. Jis yon prizonye, jan ke m te preche avanyè swa a, yon prizonye Pawòl la e volonte Bondye; li pa t ka menm bouje jiskaske Bondye te bouje l. Èske w pa ta renmen wè yon Legliz konsa parèt? Li pral; pral tounen. Li—li gen pou vini. Se vre. -...Li nan wout kounye a, mwen kwè.

74 Paske Pawòl la te idantifye, te idantifye Li, kiyès li te ye; e menm Pawòl la idantifye nou. Ou wè? "Si yon moun renmen M, li obeyi kòmandman M yo. E si l di ke l renmen m, epi li pa respekte kòmandman m yo (sa se tout nan yo), li se yon mantè, epi Verite a pa menm nan li."

75 Ou di: "Oke, mwen pa kwè tout bagay..." Ebyen lè sa a, sa... ou jis se yon enkwayan, se tou. Si Bib la te di sa, sèke se vre, sa regle pou letènite. Sa ke Bib la di, se Laverite.

76 Remake kote ke L te di nou: "Si nou rete nan mwen, epi Pawòl mwen an nan nou." Sen Jan 15, "Si nou rete nan mwen,..." Ou wè, gen lafwa nan li. "Nou rete nan mwen, e Pawòl mwen an rete nan nou, lè sa a nou mèt mande sa nou vle."

77 Kounye a gade, li te konn kiyès li ye, kidonk li te gen lafwa. Lafwa te kab pwodui lè l te konn sa l te ye. Kounye a, "Si nou rete nan mwen, e Pawòl mwen an nan nou," Lè sa a, ou konn kiyès ou ye. "Mande sa w vle, li va ba w li."

78 Èske sa pa t ap bèl, aswè a, si tout moun ki vini nan liy lapriyè sa a, di, "Mwen se yon kretyen. Mwen pa gen okenn kondanasyon. Mwen—mwen konnen ke kè m pa kondannen m. Gen yon bagay ki di m ke aswè a se fen soufrans mwen an? Sa a, ou pral fè l. Ou pral kite la a ak yon bagay. Kèlkeswa ak kantite emosyon ou vini, kantite bagay ou fè, li p ap mache jiskaske Lafwa

pafè sa a te manifeste epi idantifye tèt li nan ou, kòm yon sibstans. Epi lè l la a, alò pa gen anyen ki pral fè w kite l.

79 Si—si ou te gen kansè, epi doktè a te di w yè ke w t ap mouri anvan Lendi maten, (tout kè w, respirasyon w ale, kansè a manje w nèt, kansè a anvayi tout san w konplètman, kèlkeswa sa l ye a); epi Yon bagay vin ak sibstans lafwa otantik sa a, Lafwa pafèt la te fè yon sibstans nan ou, ou ta ri nan figi doktè sa a.

80 Ou t ap tankou Eli nan ansyen tan an, lè l t ap monte - desann devan idòl la, li t ap di: "Eske w pa ta vle rele yon ti kras pi fò? E petèt yo t ap kouri dèyè l." Li te konnen sa l ta pral fè, paske Bondye te di l sa k ta pral pase. Li di: "Ke bondye ki reponn pa dife a, se Bondye."

81 Yo di: "Nou pral aksepte pwopozisyon sa a." Apre sa, yo vide dlo sou lotèl yo. Epi yo—yo blese tèt yo, epi yo te fè tout bagay, epi yo rele: "O Baal! O Baal! Reponn non!"

82 Eli te jis osi kalm ke l te kapab la. Li te di: "Rele yon ti kras pi fò," li te di—te di, "petèt l ap pouswiv. Petèt—petèt li nan yon vwayaj lapèch. Petèt li ap fè yon lòt bagay, ou wè. L al kèk kote." Yo jis... Jis pase yo nan betiz, paske l te konnen sa ta pral rive.

83 O, gade lè l met tout bagay nan lòd. Li al la ba a, epi li di: "Seyè Bondye Abraram, Izarak ak Izrayèl la!" Li pa janm rele l kounye a pa nonn Jakòb, "siplantè." Li te rele l Izrayèl, "prens ak Bondye".

84 "Seyè, Bondye Abraram, Izarak, ak Prens sa a (Jakòb), fè konnen jodi a ke m se sèvitè w la; epi mwen te fè sa, pa selon dezi mwen, pa nan preparasyon mwen, men sou kòmandman W mwen te fè sa; Volonte w, Ou te di m sa pou m fè. Ou te montre m ke bagay sa yo ta la a. Kounye a, mwen te vide dlo a sou lotèl la. Mwen te fè tout bagay sa yo dapre lòd ou yo. Koulye a, se pou yo konnen !! Epi lè l di sa, dife te tonbe sot nan syèl la. Li te osi konfyan ke l ta pral tonbe, paske l te gen sibstans la. Poukisa? Pawòl la te di sa.

85 Kounye a, menm Bib sa a se menm Pawòl Bondye a. Epi lè ou ka resevwa sibstans la (sa se Lafwa pafè); sibstans ki se pwomès sa a ke Bondye te ba w la.

86 “Kijan w santi w, Frè Branham, lè w kanpe la a epi w wè moun ki vini la a ki pale lòt lang ak bagay konsa? Èske w pa pè?” Non, mesye. Non, mesye. Li di konsa! Deja M pa janm te pè, ' paske L te di m 'sa, e mwen kwè ke se Laverite.

87 Si L te di m aswè a, pou m ale nan simetyè prezidansyèl la epi resisite George Washington demen maten, m t ap envite lemonn antye, “pou vin wè sa fèt.” M ta di, “Mennen tout... pran— pran tout kritik ou kapab epi fè yo kanpe bò la a, ou pral wè Glwa Bondye a. Met chèn sa a isit la kote w ka chita epi repoze w yon ti moman; li pral isit la jis nan yon ti moman, osito ke m rele L.”

88 Jou swa sa a lè ti gason sa a nan Fenlann nan, jou sa a, pito; lonje laba la a ki te mouri, li te lonje la depi yon demiyè, kraze nèt, san ap koule nan je l yo, nen l ak zòrèy li yo; ti janm li yo te kase, nan ti chosèt li yo; epi pye l 'soti nan tèt chosèt li yo, soulye l te soti. M te gade, epi m te panse, "Sa ta dwe ti gason sa a." Mwen te di: “Gade non, ann gade dèyè Bib sa a, frè Moore.”

89 Nou te gen Frè Lindsay, Frè Moore te gade dèyè a la a: ““Epi sa pral rive, ENSI DI SEYÈ A,” (Oh, lala!) ““Pral gen yon—yon peyi kote ki gen anpil pye sapin. Wòch yo pral anpile. Yon ti gason ak yon koup cheve kout, ti pantalon l bouton anlè isit la, e pye li yo... chosèt li yo rale monte wo. Li pral gen je mawon, yo pral vire lanvè. Li pral mouri nan yon aksidan otomobil. Men poze men w yo sou li, epi li pral resisite.

90 Men l te la a, li te ekri la a. Men l te kouche la a, amèn, jis ap tann Pawòl la. Mwen te di, “Si tigason sa a pa resite nan kèk minit apati de kounye a, alò, mwen se yon fo pwofèt, mete m deyò nan Fenlann. Men, si l resisite, tonbe fas atè epi repanti!”

91 Mwen te di: "Lanmò, ou pa ka kenbe l." M te rele lespri li dapre Pawòl Bondye a, "Nan Non Jezikri," li te leve sote. Se sa! Ou wè? Oh, lala! Lafwa, ou wè, te pran kontwol. Se Pawòl Bondye a, Men li!

92 Kounye a, se—se Bondye k ap pale jodi a atravè vizyon. Men sa a: si vizyon sa a te kontrè ak Sa a, sa t ap fo; Sa a se plis pase vizyon an. Si nenpòt vizyon an kontrè ak Pawòl la, kite l trankil; li pa vin de Bondye, Bondye pa kontredi pwòp Pawòl li. Kidonk, si Pawòl sa a te di w yon bagay, alò, ou ka gen menm konfyans lan apre sa k pral rive a. Pa gen anyen,... Si L di: “Yo pral poze men yo sou moun ki malad epi yo va geri”; Ebyen, frè, si lafwa, Lafwa pafè sa a, te sezi sa a, ou ta...lè w te pase nan liy lapriyè sa a, ou t ap sote e w t ap rele byen fò jiskaske w...lè w te kite isit la, "Se fini!" Se fini! Tout bagay fini, se regle! Si w te gen yon demann nan kè w epi kwè ke lè priyè sa a te fèt pou sa, Li pral reponn, ou pa gen anyen pou diskite, se sa k pral rive; tankou fanm ak pwoblèm san an.

93 Jezi te gen lafwa pafè. Li—Li te genyen l, e Li te vini paske Li te Pawòl la. Epi w vin Pawòl la; ou vin Pawòl la, menm jan ke w resevwa Pawòl la. “Si nou rete nan mwen, epi pawòl mwen yo nan nou. Pawòl mwen yo ki se...” (Pawòl sa a) “rete nan ou, lè sa a mande sa w vle, epi l ap fèt pou ou.” Ou wè? “Si nou di mòn sa a: 'Deplase', epi w pa doute, men kwè nan sa n te di a, lè sa a, n'a jwenn sa n te eksprime a. Lè w priye, kwè ke w resevwa sa w mande a, epi w ap jwenn li; l'ap ba w li." Tan, lespas, anyen lòt pap janm chanje l. Ou konnen ke se fini. Li deja—li deja fini ak sa.

94 Kounye a, gade byen! Kounye a, e L te di nou: “Si nou ret nan mwen, epi Pawòl mwen an nan nou,” Sen Jan, la a, “ou ka mande sa w vle, sa ap fèt.” Answit, rekonèt pozisyon w nan Ekriti a, kòm yon kwayan. Gade, ou dwe rekonèt pozisyon w, menm jan L te rekonèt pozisyon Li an.

95 “Èske l pa t ekri ke Kris la pral vini, e kisa ke Kris la pral fè?” Li di Kleopas ansanm ak lòt yo jou maten sa a: “Èske sa pa t ekri nan Ekriti a ke yo pral gen pou yo...ke Li dwe soufri epi apre sa Li dwe mouri epi resisite twazyèm jou a?” Li te di: "Poukisa w tèlman lan pou konprann?"

96 Epi yo te panse: “Mezanmi, nonm sa a pale yon ti kras diferan de lòt moun yo.” Vin wè non, lè yo antre nan lobèj la, se te Limenm. Ou wè, je yo te bouche pou yo pa wè L. Ou wè, yo te konnen ke L te kontinye ap apiye sou Ekriti sa a, epi yo te konnen se te li menm.

97 Kounye a, ou dwe kwè sa ke w mande a. Si w se yon kwayan, rekonèt ou kòm yon kwayan. Rekonèt ke bagay sa yo se pou ou.

98 Si gen kondanasyon nan lavi w, redrese sa anvan. Ou wè? Si w te gen kondanasyon nan... mwen... oswa ou ta ka gen Oral Roberts ak—ak yon douzèn lòt moun ki gen lafwa vin isit la epi priye sou ou, epi sote ponpe, epi vide lwil sou ou pa galon, li— li toujou li—li p ap bouje. Se vre.

99 Ki sa ki soti nan reyinyon Oral yo sou sa? M kenbe yo nan liy priyè a. Ou tandè L di: "Yo te priye pou ou anvan. Yon nonm ak cheve nwa, yon jan de gwo kanmarad, gwo machwè." Sa a se Oral Roberts. Ou wè? "Epi sa te fèt nan yon vil kèlkonk; yon jan de non konsa, yon bagay konsa ."

100 "Wi, se vre." Ou wè?

101 "Tèl-e-tèl moun te priye pou ou." Ou wè, tankou sa a. "Ebyen men l la a. Men pwoblèm ou an." Ou wè? "Al met bagay sa a annòd. Soti deyò a epi konfese peche sa a bay mari w, bay madanm ou. Ale regle bagay sa a." Li p'ap janm fè anyen pou ou, kèlkeswa moun ou priye pou li a, jiskaskè w met sa annòd. Kondanasyon an nan kè w, e Bondye p'ap antre nan kè kondane sa a. Ou wè? Bondye pa abite nan sa; ou dwe met sa annòd. Answit, lè w fè sa, ou dwe gen lafwa. Si tout bagay byen, ou dwe gen lafwa epi kwè li. Ou pa bezwen pè .

102 Nan Liv Jòb la, Li di la a, "Jòb te pè." Epi sa l te pè a, li te reyèlman rive. Kisa k te mennen l? krent li. Se sa k fè l rive. Lafwa l ta epaye l sa, men krent li te mennen l... te pote l ba li. Li te pè ke sa ta rive, epi li te rive. Kounye a, si se te— si l te konnen ke sa pa t ap rive, li pa t ap rive. Ou wè sa m vle di a?

103 Si w pè lè w vin nan liy priyè a, "Petèt mwen jis pa gen ase lafwa"; sa pap janm rive, pa enkyetew. Ou wè? Men, si w konnen li pral rive, li pral rive. Ou wè? Ou wè, li se sibstans yon bagay. Jòb te pè pou bagay sa yo ta rive sou li, e yo te fè sa. Si ou gen krentif ke maladi w la pral kite w... oswa pa pral kite w, li pa pral kite w. Si ou gen yon lafwa, sa pral fèt.

104 Ou mèt mande nenpòt doktè. Premye bagay li pral eseye fè w fè, se pou w gen konfyans nan medikaman l ap ba w la. Si w pa gen okenn konfyans nan li, pito w kite l trankil. Ou wè? Sèten! Alò Ki sa l ye? Se lafwa ki fè gerizon an; se lafwa ki fè l tout tan.

105 Pyè, t ap byen fè sa jiskaskè li te vin pè. Pawòl la te di l, ke l te kab mache sou dlo a. Dabò li te pè, li te panse se te yon—yon fantom, epi l te di, "Seyè, si se ou, mande m pou m vin jwenn ou sou dlo a."

106 Li di: "Vin non." Kounye a, sa se menm jan ak Jak 5:14, menm jan ak Mak 16. Menm Bondye a te di Li, li te di, "Vin non." Se konsa li te kòmanse mache. Li te byen pati, li desann kite bato a, li te kòmanse mache sou...

107 Te gen yon tanpèt sou lanmè a, ou konnen; gwo, vag Whitecap yo, pi gwo pase ti mòn sa yo bò isit la la a, kim nan ap frapre sou tèt yo; se ekstraòdinè, petèt kenz, a ven pye kim, vag whitecap yo k ap kraze. Epi se te yon bagay fòmidad pou l mande, "Si se ou menm, Senyè,... " Ou wè, li te sanble ak yon... la a te sanble ak yon lonbraj oswa yon lespri. Li di: "Si se ou, di m vin jwenn ou sou dlo a."

108 Jezi di: "Vin non."

109 Epi li te desann, li te di: "Se Senyè a, m pral jis mache." Men lè li te gen je l sou vag yo, li te vin pè. Kisa ki vin nan panse l ? Premye bagay, li ... " Mwen pral mache paske Pawòl la te di pou m mache." Epi pwochen bagay la, li te gade a...ebyen, li gade sentòm li yo; li te gade laba a epi li wè ki jan vag yo te gwo, epi li vin pè; epi lè sa te rive l, li fè fon. Ou wè? Sa l te pè a, te rive! Sa l te kwè, te rive! Lè l te kwè li te kab mache a, li te mache; lè l te kwè epi li te pè, nan kwayans li, alò sibstans li a te kite l. Ou wè? Li te toujou fè konnen lafwa l, men li pa t gen sibstans la. Sibstans la ta ka pase anlè tèt Whitecap sa a e li t ap dirije dwat sou Li, ou wè, si l te gen Lafwa pafè a. Ou wè? Men, li pa t genyen l. Li te panse l te genyen l. Li te genyen l okòmansman an, li te vle pran chans soti, "Ebyen, Senyè a te di m fè li, sa te dwe rive." Se konsa, li jis desann soti nan bato a,

epi l met deyò. Li pa t janm panse a—a—a— a vag yo, kouman se te le kontrè . Li pa t janm te gen sa nan panse l.

110 Kounye a, lè l kòmanse ap reflechi, “Bon, tann kounye. Epi, ou konnen, m te malad depi lontan, mwen...” Sispann! Ou jis ta fè mye tounen nan bato a. Ou wè? Ou wè? Men lè w sispann panse a sa, ...

111 “Abraham pa t konsidere pwòp kò l, kounye a ki te mouri, ni zantray Sara ki te mouri.” Li pa t panse a sa, li pa t menm konsidere sa. Sa pa t menm rive nan—yon konpreyansyon. Li pa t menm fè konsiderasyon ditou; li jis konsidere sa Bondye te di, epi l te kontinye. Osi— osi lontan ke Pyè te fè sa, li te avanse.

112 Men Jezi te viv nan yon monn ke pèsonn pa t konnen L , li te yon moun etranj. Li te viv nan yon monn lafwa pafè nan Bondye pafè a, kote ke se te Li. Si nou te yon kretyen k ap viv ak Lafwa pafè a, pou sa nou ye a, nou ta dwe yon moun mistik pou mond lan; moun yo pa ta konprann ou. Ou ta mache nan Lespri a. Ou ta fè, sa Lespri a te di. Ou pa ta fè, sa ke li entèdi. Lè sa a, moun yo ap kòmanse di...yo...ou ta dwe yon—yon moun mistik pou yo.

113 Se konsa sa ye pou tout kwayan yo, yo se moun mistik. Moun yo pa konprann, paske yo ap viv nan yon mond ki pa yo. Jezi te viv nan yon monn ke pèsonn lòt moun pa t kab touche. Disip yo pa t kapab konprann li. Lè L pale ak yo, yo di L sa. , yo di: E apre sa yo te di “Akoz, ou —ou ap pale an devinèt! Nou—nou pa konprann sa. Ki jan sa ka ye?” Ou wè, yo pa t ' nan mond ke L t ap viv la. Ou wè, yo pa t' kab konprann Li, pèsonn pa t kab konprann Li.

114 Se konsa, lè yon moun ap viv ak lafwa e li mache dapre lafwa, mwen vle di lafwa sibstans la, li izole nan lemonn antye a epi vin yon nouvèl kreyati nan Kris la. La a, kounye a w ap antre nan materyèl Lepouz la. Ou wè? Ou wè? Ou wè? W ap antre nan kondisyon pou anlèvman an, kounye a. Sa vle di pou chak nan nou; pa sèlman pastè a, dyak yo, administratè yo. Sa vle di fidèl yo, chak moun ap mache nan yon monn ak Bondye pou kont li. Ou batize nan Wayòm sa a, e pa gen pèsonn ladan l ke ou menm ak Bondye. Ou wè? Li bay lòd yo, epi w egzekite yo. Kèlkeswa

sa li di, pa gen yon lonbraj dout okenn kote, ou kontinye ap avanse. Si Senyè a di sa, pa gen pèsoun nan mond lan ki pou fè w di otreman, w ap kontinye ap avanse menm jan an. Kounye a w ap antre nan Lafwa pafè a, pèfeksyon pafè ki pa ka febli a. Lafwa sa a pa janm echwe. Wi, li te yon bagay mistik pou yo ak Lafwa pafè Li a; e se konsa kounye a ak moun ki gen Lafwa pafè a, ou se yon mistik pou lòt moun yo.

115 Nou aprann pou "reziste a dyab la, e I ap kouri pou nou". Koulye a, reziste se jis tou senpleman "repouse I "; jis reziste a li, sa vle di "jis elwaye w de li". Bondye te di yon bagay sèten; kèlkeswa sa I ap eseye di w, ou pa menm bezwen tande I. Ou gen...zòrèy ou soud pou nenpòt lòt bagay, sof sa Lespri Bondye a di. Ou wè? "Moun ki gen zòrèy (ki tande), tande sa Lespri a di legliz yo"; moun ki gen pòs radyo, kapte sa ke Lespri di legliz yo. Ou wè?

116 Sa Satan di, "Ebyen, mwen jis pa kapab..." Sa pa gen anyen pou ..." Ebyen, si w anseye sa, denominasyon an pral mete..." Sa pa gen anyen pou wè ak sa, li jis kontinye ale menm jan an.

117 "Moun ki gen zòrèy, ke I tande sa Lespri Bondye a ap di legliz yo." Ou konnen, nan Bib la, Li toujou sansès ap di sa. "Pou moun ki gen lafwa. Moun ki gen zòrèy pou tande, ke I tande." Ou wè? "Moun ki gen sajès, ke I kalkile chif bèt la." Tout lòt bagay sa yo. "Moun ki genyen, se pou I di rès yo, pou ke yo ka genyen."

118 Epi se pa lafwa ke n ap pale kounye a, lafwa ke w dwe genyen, Lafwa Pafè sa a; Lafwa sa a ki di: "Wi!" Pa gen anyen k ka di "non" lè Bondye di, "Wi". Ou wè? Lè li di "Wi," Se "Wi!" E pa gen anyen lòt ki ka retire sa nan ou.

119 Avèk Lafwa Pafè li a, li te trè etranj. Epi dyab la pa t rete bò kote I twò lontan. Nou te wè I nan etid maten an. Lè li te vini ak gwo blòf— konsepsyon entelektyèl sa a, li te blofe Jezi la ba a lè I te vini, epi li te jwenn ke I te touche yon liy dimil volt : te tounen lage I atè ankò. Wi mesye. Li te di: "Li te ekri, lòm pa dwe viv ak pen sèlman!" Ouf! li te resevwa yon chòk lè sa a. Li te vin yon ti kras andousè pwochen fwa a, lè li te di, "Kounye a, ou se yon Grantòm, ou ka bonbe lestomak la a, epi, fè de Oumenm yon gwo chabrak."

120 Li te di: “wete w devan m nan, Satan.” Oh, lala, kisa l te rankontre! Epi, “Ou pa dwe tante Seyè a, Bondye w la.” Ou wè, li te pwouve Satan ke L se Senyè Bondye. “Paske, li te ekri: Ou pa pral tante...”

121 Kounye a, si—si Satan pa t konnen se te Senyè Bondye a, li ta di: “Tann yon minit, ou pa Moun sa a.” Men, li te fè mye pou l pat diskite sou sa avèk Li.

122 Li te konn sou ki teren pou l kanpe. Li te di: “Ou pa pral tante Senyè a, Bondye w la.” Epi se Moun sa a ke L te ye. Epi Satan te konn mye ke pou l di sa, paske zèv Jezi yo te deja pwouve se Limenm ki Seyè a, Bondye nou an.

123 Remake yon lòt kounye a. Lafwa pafè se yon mèt nan tout sikonstans. Lafwa pafè metrize tout sikonstans. Kèlkeswa sa l ye a, li se mèt li. Koulye a, jis gade! Lè w kwè yon bagay, ou fè yon bagay, epi ou gen lafwa nan sa w ap fè a; kenpòt sa sikonstans lan ye, sa pa gen anyen pou wè ak sa. Ou wè, li metrize sikonstans sa a. Si se nan yon—yon chanm pou malad, epi Senyè a te revele ke yon bagay kèlkonks sou pwen rive, ou jis pwononse l epi kontinye.

124 “Oh, èske...?” Jis pa poze kesyon. Sa a deja fini, jis kontinye vanse. Wè? Li metrize tout sikonstans. “Ebyen, si ou fè sesi, Entèl pral fè ...” Sa... ou wè, Li déjà metrize l. Wè?

125 Lafwa kwè ke Bondye pral regle tout bagay. “M pa konn kijan Li pral fè l, men Li pral fè l kanmenm.” Wè? Li metrize tout sikonstans.

126 E lafwa ak lanmou ale ansanm, paske ou pa ka gen lafwa sof si ou gen lanmou, paske fwa w nan yon Bondye ki Se esans menm de lanmou. Lafwa ak lanmou travay ansanm.

127 Men, se tankou yon jèn koup. Ou pran on jèn òm epi yon jèn dam, epi yo renmen...yo tonbe renmen youn lòt. E alò ke yap vanse e yo kòmanse konn youn lòt pi byen, kè yo kòmanse bat fè youn. Wè? Yo-yo...poutan yo poko mari ak madanm, men lanmou yo lye yo ansanm, epi yo gen konfyans youn lòt. Kounye a, si yo vrèman renmen youn lòt, vrèman renmen, e ou konnen ke fi

sa a renmen w epi-epi li konnen ke ou renmen l, ou gen konfyans (nou gen lafwa youn pou lòt) si ou gen lafwa youn pou lòt; si nou pa genyen l, pito ou pa marye avè l. Wè?

128 Remake, ou dwe gen lafwa. E si ou separe yo e ou mete youn ekstrèm sid epi lòt la ekstrèm nò, toujou gen lanmou sa a kap bat youn pou lòt, kèlkeswa kote yo ye. Yo osi fidèl youn lòt ke posib, paske yo renmen. E si ou renmen Seyè a, san wap eseye evite lanfè, men si ou renmen Seyè a, alò ou gen lafwa nan Bondye; wè, si ou renmen Li.

129 Tankou yon-yon jèn fi...sa rive isit la nan Louisville, pa gen lontan de sa. On dam, li te on-li te on Kretyen depi plizyè ane, men mari l te fèk...tonbe damou, li te tonbe damou nòm sa a. Li te vin Kretyen, kèk ane de sa. E donk yo te marye; yo te renmen epi te gen konfyans youn pou lòt, epi yo te marye. E dam lan te di nòm lan: "Cheri, sa dwe difisil pou ou, ou jis on jèn Kretyen. Ou tèlman gen bagay ke ou subi." Men sa l te ye, bwè. Li di: "Tèlman gen bagay ke ou subi." Epi li di: "m konnen ke ou pral tante anpil." Epi li di: "m vle ke ou konn on bagay kounye a. Bon, si sa rive ke ou tonbe, si sa rive ke ou-ou tonbe nan tantasyon e sa depase w, pa rete lwen kay la; tounen. Tounen isit, paske m-m ap la a ap tann ou, e m pral ede w priye ankò jiskaske ke ou jwenn vikwa. M pral rete avè w, paske lè m te marye avè w, m te marye avè w paske m te renmen w. E kèlkeswa sa w ye, m toujou renmen w."

130 Kèk jou apre sa, li tap manje dine li avèk kanmarad yo nan sousòl la, li te pale yo de sa, li di: "Kounye a, kijan on moun te ka janm fè on bagay mal, lè on moun renmen w konsa?" Wè?

131 Men li. Kijan-kijan ou ta ka abize konfyans sa a?

132 E lè nou te pechè, alyene, san Bondye; nan mond lan, nan pil labou sa a, jan m te pale l maten an, Bondye te vini a nou! Bondye te chache w, ou pa janm chache Bondye. "Pesonn pa ka vin jwenn Mwen si Papa ki voye M lan pa rele l vini." E Bondye desann nan labou sa a, kote w te ye, e Li chache w e Li fè w soti! Sa ta dwe kreye yon Lanmou Pafè. Gade sa w te ye, e gade sa w ye. Kisa k fè sa? On moun ki renmen w! Alò, èske w pa ka gen lafwa nan sa Li pwomèt ou? On veritab lanmou otantik pral kreye yon konfyans nan Pawòl Li.

133 Li pran m lè m pat anyen. M toujou pa anyen, men mwen nan men L. Wè, Li pran m. E Li te renmen m lè m te dezagreyab. Li te renmen w lè ou te dezagreyab, men Li chanje w. Menm jan sè nwa a te di, fwa sa a nan temwayaj li, li te di: “M-m pa sa m ta dwe ye, e m pa sa m ta vle ye, men m pa sa m te ye!” Li konnen ke l te rive on kote, on bagay te rive. E se konsa l ye. Si Bondye, alò ke m te yon etranje pou Li, tèlman te renmen jiskaske L bese pou L vin ranmase m, sa ban m konfyans ke L vle itilize m. Li gon objektif pandan L ap fè sa. Li wè on bagay nan mwen. Li wè on bagay nan ou. Li te gn rezon pou L sove w, gade moun yo ki pa sove jodi a. Gade milyon yo ke L te ka pran nan plas ou, men Li pran oumenm. Amèn! Pèsonn ka pran plas ou. Amèn! Ou nan ekonomi Bondye. Pèsonn ka fè l. Se Lanmou L pou *ou*.

134 Alò, èske lanmou w pap rive jwenn Li? E men on istwa lanmou. Kèlkeswa sa sitiyasyon an ye, sikonstans yo metrize pa Lanmou sa a ki kreye Lafwa. Lè Bondye renmen w e ou renmen Bondye, e ke nou renmen youn lòt, li-li pote Lafwa. Trè byen. Alò li pa ka-li pa ka, anyen ka anpeche l fè egzakteman sa Bondye te pwomèt pou L fè.

135 Kounye a, gade! Lafwa pafè a pi, osi pi ke lanmou. Wè? Kounye a, lè ou renmen on moun, e ou gen...ou renmen mari w oubyen ou renmen madanm ou. Bon, li pa nesesè pou on moun vin di w ‘ou pa’ fè l, paske ou fè l, e ou konnen ou fè l.

136 Kounye a, si m mande w: “Kijan ou ka-ka pwouve ke ou fè l?”

137 “Oh, m pwouve l pa fason ke m viv avè l.” Wè? “M son madanm ki fidèl e onèt. M son mari lwayal, onèt, e sa pwouve m ke m-ke m renmen madanm mwen; oubyen ke m renmen mari m.” Wè, lavi w pwouve sa ou ye. Menm bagay ke Krisyanis la. Wè? Lafwa w, ou gen konfyans youn pou lòt, sa a pi. E son bagay reyèl, ke ou pa ka montre on lòt moun, poutan ou genyen l, e jès ou yo pwouve l.

138 E lè ou gon Lafwa ki pi, san melanj, menm jan lanmou w lan ye pou konpanyon w, alò ou pwouve l pa fason ou aji. Ou pa plenyen ankò, ou konnen li akonpli, jis mache devan. Kèlkeswa aspè bagay la, sa lòt yo di, ou konnen sak pase. Ou konnen ke sa a fini; osi byen ke ou konnen

ke ou renmen mari w, osi byen ke ou konnen ke ou renmen...Wè, lanmou ak lafwa dwe ale ansanm. Yo fanmi, yo renmen. Lanmou pwodwi Lafwa.

139 Lè Satan tante nou, nou dwe reziste l avèk on Lafwa Pafè nan on Pawòl Pafè, menm jan Jezi te fè. Pawòl Bondye a pafè. Nou dwe gon Lafwa Pafè nan Pawòl Pafè sa a, epi reziste a Satan.

140 Kounye a n ap fè vit, osi vit ke nou kapab.

141 Pa Lafwa Li nan—nan Pawòl Li nou (Li gen laviktwa), nou ka gen laviktwa sou nenpòt bagay: toude lanmò, lanfè, ak tonm lan. Nou konnen ke Bondye se Bondye, ke Lafwa Pafè nan Pawòl Pafè Bondye a, Li te gen laviktwa sou tout bagay ke Li vin an kontak avè l. Lanmò pat ka menm kanpe nan Prezans Li. Maladi pat ka kanpe nan Prezans Li. K ap koule sot nan Li se te tankou rivyè vèti, kap soti san rete, vèti ap sot nan rad Li. Moun sa yo, ki lonje nan lonbray Li; avanse, mete dwèt yo nan rad Li epi te geri. Lè fanm sa a te fè sa, lè sa a tout moun te vle manyen rad Li, paske yo te wè ke te gen vèti kap sot nan Li san rete, te koule tankou rivyè. Men L te la a, ap mache, ap mache nan yon mond ak Lafwa Pafè, paske Li te Pawòl la.

142 E kounye a: “Si ou abite nan Mwen,” nan Li, Li te pote Pawòl la ba ou; “epi Pawòl Mwen yo abite nan ou,” alò mache menm jan an: vèti ap koule sot nan ou, rivyè fontèn benediksyon Bondye yo jis ap koule sot nan moun yo. Wè sa m vle di? E nou pap bay blòf sou sa, nou pap imajine sa. L ap pase an reyalyte, e nou wè li. Si n ap jis imajine sa, sa pa fè okenn byen; men si li vrèman la a, li rive vrèman.

143 Kounye a remake! Ou wè, pa Li, lè Li te kanpe epi L te di: “Si nou detwi Kò sa a (Tanp sa a), M ap leve L ankò nan twa jou.” Poukisa? Li te toutosi konvenki ke L tap fè l, paske Lèzekriti te di ke Li tap fè l (Mesi a): “M pap kite nanm Li nan lanfè, nitou M pap penmèt ke Sen M lan wè koripsyon.” Yon pwofèt, ke Pawòl lan vin jwenn, te di sa tap rive, e Li te konnen Li te Moun sa a.

144 E lè...Jezi, Limenm, te di: “Lapriyè lafwa va sove malad yo,” oswa “Yo va poze men sou malad yo, e yo va geri.” Si...

Nou dwe gen menm konfyans pafè sa a ke “lè men poze sou mwen, m va geri,” paske Li te di sa.

145 Li te di: “Nou detwi Kò Sa a, e M ap leve L,” paske Li te konnen Li te Mesi a. “M pap penmèt ke Sila ki Sen M lan wè koripsyon”; Li te konnen Li te Sila ki Sen an. “Nitou M pap kite nanm Li nan lanfè”; Li pat sa. Li te konnen Li tap fè l. Li te gen konfyans ke Li te la a pou gen laviktwa ni sou lanmò ni sou lanfè, te di: “Detwi L, si nou swete fè sa, e M ap leve L tounen ankò nan twa jou.” O la la! “M gen pouvwa pou M bay vi M, epi M gen pouvwa pou M pran l ankò”; Li te konnen Kimoun Li te ye.

146 Ou se yon Kretyen. Ou gen dwa a nenpòt benediksyon redanmsyon ke Jezi te mouri pou ou pou sa. Tout pou ou! Li deja peye pou li, ou jis dwe kwè l. Pa imajine l; men kwè li, epi konnen ke se pou ou, e ou ka posede l. O, sa se Lafwa ki gen laviktwa: pou konnen! Wi.

147 Li te konnen sa tap rive anvan. Li te ka predi ke l tap rive, paske Li te konnen li tap rive; e kèlkeswa sa L te predi, rive. Kounye a, gade! Kèlkeswa sa L te di, Bondye te onore sa L te di a. Panse a sa! Kèlkeswa sa Jezi te di, Bondye te fè L rive. Kidonk, Li te konnen Pawòl Li yo te Pawòl Bondye. Kounye a, gade! Menm Ekriti sa a tounen nan figi nou ankò: “Si *ou* di mòn sa a.” O la la! M—m jis kite sa rantre fon jis on tikal, nou wè, paske nou pral gen yon liy priye. N ap voye asanble a ale epi priye pou malad yo, sila yo ki vle...dwe ale.

148 Gade! Li te konnen ke Li te fè Bondye plezi. Li te konnen ke pat gen anyen nan vi Li. Bondye te deja temwaye: “Sa se Pitit byenneme Mwen ke M pran bon plezi nan Li, tande Li! Sa se Pitit byenneme Mwen ke M pran plezi abite nan Li,” nan jou batèm Li. “M pran plezi pou fè kay Mwen anndan isi a, pa gen kondanasyon nan Li ditou.”

149 Kounye a, lè menm Bondye an vin nan nou, epi pran plezi pou abite nan nou, pran plezi pou onore pawòl nou, kisa desizyon nou ye,... Kisa ki te desiyon Jozye? “Kanpe, solèy!” Epi l te kanpe la a. Amèn! Sèten! Kisa ki te desizyon Moyiz? Te kenbe baton li sou yon rivyè a kon sa, apres a te rele pou l “Ouvri!” Epi l te ouvri! Ou wè, kèlkeswa sa w mande. “Epi si ou di mòn sa: ‘Deplase,’ epi pa doute, ou wè, nan kè w, men kwè ke sa w te di a ap rive, nou ka gen sa nou te

di a.” Sa mete w tounen nan Pawòl la. Kounye a, sa se pa lèt ekreme. Ou wè? Sa mete w tounen. M konnen sa pral pase anlè tèt nou, petèt, ou wè, paske Li pa ka ankre. Men vrè, lafwa otantik konprann sa, kounye a menm.

150 M te wè I, zanmi. Men Bib sa a ki louvri devan m. M te wè I rive, e m konnen se Laverite. M konnen, Bondye nan Syèl la konnen, ke m te ka pa viv jouk m fini mesaj sa a, men m—m konnen ke sa te rive. M te wè I mwenmenm. M se yon temwen de Pawòl sa a kap akonpli, ke m konnen Li se Verite a: nou di li, epi nou kanpe la a epi wè Kreyatè a ki mennen yon kreyati kap viv nan egzistans, dwat nan prezans je nou; nou souke tèt nou epi ap mande tèt nou; epi vire gade epi nou te wè L mennen yon lòt, jis egzaktman kon sa, paske ou te di sa; epi vire bò isi a epi di: “Pral gen yon lòt la a,” epi gade, epi men li! Kounye a, se laverite.

151 O, ki kote nou ta dwe ye? Men Lafwa Pafè. Okenn vizyon: “Jis pale Pawòl la,” pat janm wè ekirèy la. Li te jis di Ekriti sa a, sa I te ye, epi “Pale I, epi pa doute I; men sa ou di, I ap la a.” Epi m te pran Bondye nan Pawòl Li, epi I te la a. Se vre. Li osi pwisan...Epi zanmi, antanke pastè nou, li osi pwisan ke lè Jozye te kanpe solèy la; paske solèy la te deja la, eleman yo tap bouje, epi li te kanpe mouvman an. Men sa, Li te pote on bagay la a ki pat la, Li te kreye! M tèlman kontan pou m konn Bondye a ki ka pran pousyè latè, yon jou, san anyen, epi rele m tounen nan lavi ankò, menm lafwa sa a, aprè yo te mete m nan tonm lan. O la la! Men li.

Lafwa m gade a Ou,

Ayo Kalvè W la,

152 Ou di epi pa doute, men kwè ke sa w te di, ou va genyen sa w te di a. Ou wè, kwè ke I ap rive!

153 David, nan Sòm, te pale de Li. E avè I, Li te pran pwisans Li epi Li te ede lòt yo. Non sèlman Li kenbe I pou Tèt Li, men Li te ede lòt yo pa li; epitou te sove lòt yo, menm nan dènye limit la, epi Li ka fè menm bagay la kounye a. E te pwomèt menm lafwa an pou kwayan yo, nan Pawòl Li, ak Jan... tankou Jan 14:12, Li te di sa; Mak 16; epitou nan Mak 11:23, nou jis li.

154 Kounye a gade. Kounye a, Li te parèt ban nou nan menm fòm ke L te fè pou yo nan Ansyen Testaman an, e nan menm jan ke L te fè nan Nouvo Testaman an; e te montre pa menm Pawòl la, menm Kris la. E m deklare ban nou ke Kris se Sentespri an. Mo *Kris* la—la vle di “sila ki wen an”; jis yon moun ki wen, sa se Kris la, sila ki wen an. Konbyen moun ki konnen ke se vre? Sa se entèpre-... Sila ki wen an, ta pral gen yon nonm ki tap wen. Wen ak kisa? Bib lan te di nan Ak 2, ke Jezi de Nazareth, yon Nonm ke Bondye te apwouve, wen ak Sentespri a; Li te ale epi te fè gran zèv ak bagay, ou wè, ke Bondye te manifeste, te pwouve ke Li te nan Nonm sa a.

155 E kounye a, nou vin wen ak menm Lespri an, dè mesi wen; mesi de dènye jou an, pou fè rezireksyon Jezikri an klere; pou montre ke Li pa mouri, men nan fòm Sentespri a, Li nan pèp Li; ap bouje nan mitan Epouz Li, ak yon istwa renmen avè L, ap vide nan Li, Tèt Li. Y ap vin yon sèl pou Soupe Nòs lan; e menm siy, ke menm Bondye a te pwomèt, nan menm Pawòl la, ap fè menm manifestasyon L yo.

156 Pa gen anyen ki rete pou nou fè ke kwè Li, e “kwè li” se *sibstans* lan, e sa kreye yon Lafwa Pafè. Jis panse kòman—kòman kòman nou ensansib; jis panse a sa yon minit, kounye a.

157 Kounye a, ann wè. Èske Li te fè tout bagay byen? Èske L te janm di nou anyen, sòf sa ki te rive jis egzakteman fason Li te di li? Èske L pat fè, epi èske gran Kolòn Dife an pat nan mitan nou epi te fè jis egzakteman tankou Li te pwomèt pou fè? Èske nou pat wè Li? Èske lasyans pat pran Li, apre sa te predi sa ki tap rive; ale la a menm epi genyen l menm nan journal ak magazin yo, mete l tounen dwat epi montre li, lè yo te di nou sa dè mwa anvan l te rive? Èske L pat fè jis egzakteman fason L te di nan Ansyen Testaman an, ak Nouvo Testaman an? E Li jis egzakteman menm Lan! Menm Sentespri an vini, epi se Youn ki fè Disèneman. “E Pawòl Bondye a, ki pi rapid epi pi file pase yon nepe de bò, Youn ki Disène panse ak entansyon kè yo.” Èske se pa vre? Èske se pa menm Bondye an? Kounye a, menm Sila sa a, se pa yon etranje ki sou yon lòt kote, Li isi a. Li isi a, Li fè sa pou kreye yon Lafwa Pafè. M santi Li. M konnen Li isi a kounye a. M konnen ke Lespri Li isi a. M konnen ke Li konn tout bagay. Amèn! E m konnen Li vle fè yon bagay. Li tap fè yon bagay, pou—pou kreye pèfeksyon lafwa sa a nan moun yo.

158 Èske nou pral mache nan Etènite, tankou sa te ye nan jou Noye yo, ak uit nanm ki te sove? Èske nou pral vini tankou Lot, ak twa ki sot nan Sodòm? Èske nou pral vini, tankou nan jou Jan Batiis, ak siz kwayan? Annou kwè, paske zèw Li yo pafè! Yo manifeste chak jou epi pafètman devan nou, ap montre ke Li se Pawòl la, Pawòl la! Ebre, chapit 4, di.

...pawòl Bondye a...pi file pase nenpòt nepe de bò,... menm youn ki disène panse ak entansyon kè a.

159 Panse a sa! Pawòl Bondye an se Sa a, Youn ki Disène entansyon kè a. “Paske Pawòl Bondye a rapid epi pwisan epi pi file pase nenpòt nepe de bò, ap pèse menm pou divize separe nanm lan de lespri a, e de jwenti yo ak mwèl zo an, epi Youn ki Disène panse ak entansyon kè a.” Pawòl la te fèt chè! Alelouya! Pawòl lan ap opere nan lachè imen, pa siy fizik, pa siy materyèl, pa siy selon Lekriti, pafètman, pou pote ban nou yon Lafwa Pafè pou yon Anlèvman Pafè.

160 Poukisa nou pa ka gade Li? Pa yon mistik; dyab la mete tout bagay nan mond lan devan nou pou eseye fè nou...anpeche nou kwè Li. L ap mennen nan yon reyinyon epi eseye voye tout bagay li kapab devan nou. Debarase nou de sa! Bib lan di: “Leve epi souke kò nou.” Pichkannen tèt nou.

161 Lespi L isi a, Li konnen w. Ou gen yon bagay pou fè, e se pou kwè Li, pou asepte L. Li konnen. Nou kwè sa? Li konnen kisa k nan nou, Li konnen kisa nou ye, Li konnen kisa dezi nou ye, Li konnen kisa nou bezwen.

162 Jim, èske w kwè Li konnen apwopo de bebe sa a? Ou te pran tanperati li anvan w te pati, san senk. Èske w kwè L ap geri li? Sa vin sou li jodi a, epi l malad. L ap kite l. M te jis gade bò la a epi m te wè yo anvan yo te kite kay yo, kisa yo te fè. Kounye a, se vre.

163 Madam Little, èske w kwè Bondye pral ba w laviktwa sou dyabèt sa a? Gen yon fanm ki chita bò kote w, m pa konnen w, men Lespri an sou li. Sa ki enkyete li se sou yon ti...li gen yon pitit ki dwe fè yon operasyon pou yon je oswa yon bagay. Li se moun Chicago. “Pi rapid, pi wisan, pase yon nepe de bò; Youn ki Disène.” Kisa l ye? Pawòl la! Èske nou kwè sa? Sètènman.

164 Gen yon dam ki chita jis la a nan pwochen ranje a; ou fèk gen yon operasyon nan je, li pa trè byen reyisi. Men ou—ou kwè Li, l ap vin...w ap vin—w ap vin trè byen. Èske w kwè Li? Trè byen. Li, li t ap panse a sa.

165 Madam Peckenpough, se pa pou ou, se pou pitit pitit sa a ki chita isi a. W ap priye sou sa, men ou kwè ke Bondye ap geri l? Ou kwè Bondye ka di m sa k pa bon avè l. Doktè pa konnen; non. Se vre. Poumon yo ap anfle. Se vre. Li gen yon pwoblèm san. Kòrèk! Yo on jan nan konfizyon sou si yo pral kite l al lekòl ou non. “Pi rapid, pi pwisan, pase yon nepe de bò.”

166 M wè yon madanm kap vomi manje l. Li on kote, kite m jwenn visaj li on kote. Wi, li chita dèyè la a. Non l se Madam LewEllen. Li kwè ak tout kè l, pwoblèm lestomak sa a ap kite w. Amèn!

167 Men yon dam chita dwat an fas li, ap gade mwen kounye a menm, chita nan bout lan; li met linèt. Li gen atrit. Li nan men goch ou; li te ye, li pa la kounye a. Wi, si w kwè!

168 Sa k pase ak ti bebe sa a, dwat dèyè a la a? Li sot Ohio; li gon kansè nan je l. Èske w kwè Bondye ap geri l? L ap fè l, ou kwè li. Ashland, Ohio! Ou kwè kounye a ke Bondye ap geri l? L ap fè l. Kisa L ye? “Pi pwisan, pi rapid pase nenpòt...”

169 Men yon dam chita isi a, on bagay te frape l, li gen yon pwoblèm nan zepòl li. Se vre. Èske se vre? Trè byen, kwè Li, epi l ap pati. Ou wè? “Pawòl Bondye a, Youn ki Disène panse ak entansyon kè a.”

170 Kounye a, pa gen okenn kat pou lapriyè nan bildin sa a. Pa gen pèsòn pou priye...pou distribye okenn kat pou lapriyè. Nou pa itilize yo isi a, sòf si se jis pou kenbe nan lòd. Nou vle yo priye pou nou? Konbyen moun ki vle yo priye pou yo pandan Pawòl la manifeste nan lachè? Kite ranje sa a isi a leve epi desann nan direksyon sa a, dwat anba ale sa a isi a anvan, anndan isi a menm, noumenm ki vle yo priye pou nou. Lè sa a, apre sa, m vle ale sa a isi a desann dèyè yo. Lè sa a apre yo fin pase, kite ale sa a bò isi a vini.

171 “Pi rapid, pi pwisan,...” Èske yon nepe de bò te ka fè sa? Non, mesye! Men Pawòl Bondye ka fè l. Poukisa? Se Pawòl Bondye a. Kounye a, kwè li?

172 *Gran Doktè A!* Kote sè sa a ki sot anba nan—nan Tennessee, Sè Ungren, oswa Downing?
“Gran Doktè a toupre kounye a.”

173 M pap janm bliye sa, nan Fort Wayne nwit sa a lè tifi Amish sa a oswa Dunkard te chita la a, ap jwe sa: “Gran Doktè sa isi a kounye a,” lè l tande ti gason sa a te geri, li te sote, Sentespri an te tonbe sou li, bèl cheve li te tonbe sou zepòl lo, epi piyano an pat janm manke yon nòt. “Gran Doktè a toupre kounye a, Jezi ki konpatisan.” Pwisans sinatirèl tap bouje touch piyano sa yo, li tap jwe “Gran Doktè a toupre kounye a.”

174 Gade, èske... Nou kwè? [Yon moun di: “...?... wi, m vle kwè.”—Editè a.] Ou vle? Ou wè? Kounye a sonje, lè nou pase... Kounye a, si nou pa kwè la, pa vini, chita. Di: “M pa prale. M pa pral bite nan sa. M ap vini, m kwè l.” Lè mwen...

175 Bib lan te di: “Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè. Si yo poze men sou malad yo, yo va geri.” Se egzakteman vre. Kounye a, se anba kondisyon: “si ou kwè L.” Kounye a, m kwè sa. Bondye te pwouve l ban nou, mwen kwè Li. Nou wè? Li manifeste Pawòl Li, pou monte ke se Pawòl Li. Yon akonplisman Lekriti, pou pwouve ke se sa l ye. Kounye a, kwè li lè nou pase. Èske n ap fè l? Epi lè m poze men sou nou,...se egzakteman sa Bib la te di.

176 Ou genyen lwil wen isi a, Frè Nevile? Pran sa, epi vin sou lòt bò sa a, ann jis akonpli Lekriti. Vin sou bò sa a isi a, epi wenn chak moun antan yo pase, epi n ap priye pou yo. Kounye a, konsa m ap sèten, ke m ap genyen priyè lafwa pou chak grenn nan nou, ann fè tout moun mete men yo sou youn lòt ki se kwayan. Jis lonje, epi kwaze men nou youn sou lòt. Se kote nou pral dekouvri on bagay nan kèk minit.

177 M ap wè jis nan ki pwen legliz mwen avanse, sou kisa nou kwè; ou wè jis nan ki pwen moun yo ye; kijan yo pare pou pran Nepe a epi mache al nan liy devan an, di: “M ba w defi, Satan. Ou wè? M ba w defi! Ou pa ka—pa ka fè m pa kwè ankò.” Pou kisa bagay sa yo fèt? Konsa moun yo va kwè. Se Pawòl la. Se kote sa ki montre ke m ap preche Verite an ban nou, Pawòl la. Pawòl la te fèt chè, te fèt chè nan nou; te fè Pawòl; te fè Lavi nan nou, te fè Lavi nan mwen. Ou wè?

Gran Doktè An! Trè byen, annou koube tèt nou kounye a.

178 Seyè Jezi, gran Doktè an toupre kounye a, Ou se Doktè an. M te preche Pawòl Ou, e Pawòl Ou te deklare ke Ou isi a; ke Ou se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan; ke Ou pa ka echwe. Ou pat janm kite nou tonbe, Seyè. E kounye a, kite chak moun nan sa yo ki gen men yo youn sou lòt, ke benediksyon Bondye yo repoze sou yo. E antan nou vini, yo se kwayan. E antan nou wenn yo ak lwil, pastè a avè m, e fè yo pase nan liy sa a, ke chak moun pase isi a ak lafwa pou kwè li, pou konnen ke Bondye nan Syèl la menm kanpe prezan. Ke chak moun souke kò yo. Èske yo ka fè l sèlman grenn fwa sa a, Seyè Jis kite yo...kite l desann fon, Seyè, yon fwa. Louvri je yo, Seyè, konsa yo ka wè sa k ap pase, epi pa ret avèg, ap mache de bò, men wè reyalite Prezans de yon Jezikri ki resisite. Akòde l, Seyè, nan Non Jezi. Amèn.

179 M ban nou lòd nan Non Jezikri, ke nou pa vini nan liy sa a sòf si nou santi je nou gen Lafwa Pafè, paske n ap jis pran tan yo, tan yon lòt moun. Piga nou fè sa! E pa...toutotan m te preche ban nou, èske m te janm di nou yon sèl bagay sòf sa ki te rive? Egzakteman! Seyè an te fè sa. Li pat fè l pou mwen, m kwè. Li te fè l pou nou, konsa nou te ka kwè ke m sa m ap di nou se Verite a. Kounye a kwè li, sa pral kòrèk, e li...n ap vin anbyen. Lè nou pase isi a, lage enkredilite nou dwat nan sa a..yon pòch espiryèl anba isi a. Nou pap wè l, men li la a. Lè lwil sa a touche nou, lage enkredilite nou dwat la a. Depoze sa epi mache ale ak Lafwa Pafè ke nou byen. Èske n ap fè l? Seyè an beni nou, alò.

180 Trè byen, m pral mande yon moun ki ka kondwi chan, jis pou...Kote gran predikatè sa a, frè, sa...? Ki non li? Capps, Frè Capps. Èske li nan liy lan? Kisa sa ye? Vin isi a, Frè Capps, epi kanpe la a epi chante (asanble an) pandan nou tout priye: “Gran Doktè an toupre kounye a.”

181 Antan yo kondwi li, chak moun chante kounye a ak kè nou. Pa jis chante, di: “M pral chante: ‘Gran Doktè an toupre kounye a, Jezi ki konpatisan. Pale, kè tonbe pou ankouraje, Jezi ki konpatisan.” [Frè Branham bay egzanp yon chante ki pa gen emosyon—Editè a.] O, o, o la la!

182 Tout machwa nou! Sou zòtèy nou. Lespri nou veyatif. “Wi, gran Doktè a toupre kounye a, Jezi ki konpatisan!” Li pwouve ke Li isi a! M kwè Li. Amèn.

- 183 Trè byen. Kite...Kite sila yo ki gen lafwa avanse.
- 184 Nan Non Jezikri, m poze men m sou li pou gerizon l.
Nan Non Jezikri, m kondane maladi li.
- 185 Nan Non Jezikri, m poze men sou frè m, pou gerizon li.
- 186 Nan Non Jezikri, m poze men sou sè m pou gerizon li.
- 187 Nan Non Jezikri, m poze men sou frè m pou gerizon li.
Nan Non Jezi, m poze men sou sè m pou gerizon.
Nan Non Jezi, m poze men sou sè m.
Nan Non Jezikri, m poze men sou sè m pou gerizon l.
Nan Non Jezikri, m poze men sou frè m.
Nan Non Jezikri, m poze men sou sè m.
- 188 Nan Non Jezikri, poze men frè m pou gerizon.
Nan Non Jezikri, poze men sou sè m.
Nan Non Jezi, geri sè m.
Nan Non Jezikri!
Nan Non Jezi, geri sè m.
Nan Non Jezi, geri sè m.
Nan Non Jezi, geri sè m.
Nan Non Jezi, geri frè m.
Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri frè m.

189 Nan Non Jezikri, geri sa a, frè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi!

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri frè m.

190 Nan Non Jezi, geri frè m. Se pou l byen.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sa a, sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri frè m.

191 Nan Non Jezi, geri pitit sa a. Bondye, akòde I.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri ti gason sa a.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri ti fi sa a.

192 Nan Non Jezi, geri sa a, sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri frè m.

Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri frè m.

Non Jezi, geri frè m.

Non Jezi, geri frè m.

Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri frè m.

Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri frè m.

193 Non Jezi, geri sa a, frè m, Seyè.

Non Jezi, geri frè m.

Non Jezi, geri, Seyè, frè m.

Non Jezi, geri frè m.

Non Jezi, Seyè...?...pou glwa Bondye.

194 Ap geri frè m, nan Non Jezi. Kite l trankil.

Nan Non Jezi geri sè m.

Non Jezi, geri frè m.

Non Jezi, geri frè m.

Non Jezi, geri frè m.

Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri pitit sa a.

Non Jezi, geri sè sa a.

Non Jezi, geri sè sa a.

195 Nan Non Jezikri, geri sè a.

Non Jezi, geri sè...?...?

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, Seyè, geri sè nou.

Nan Non Jezi, geri frè m, fè l byen.

196 Nan Non Jezikri, geri sè m, Seyè.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri sa a, sè m.

Nan Non Jezi, geri ti fi sa a.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri frè m.

Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri pitit la.

197 Geri pitit la, Seyè, nan Non Jezi.

Geri ti gason an, nan Non Jezi.

Geri sè m, Seyè, nan Non Jezi.

Geri Sè Collins mwen, Seyè, nan Non Jezi.

Geri sè m, nan Non Jezi.

Geri frè m, nan Non Jezikri.

Geri sè m, nan Non Jezi.

198 Depoze enkredilite nou kounye a.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri frè m.

199 Depoze enkredilite nou nan bwat la kounye a. Pase. Pran Lafwa Pafè.

Nan Non Jezi, pran li. Se pou I fèt.

Nan Non Jezi, akòde I, Seyè.

Nan Non Jezi, akòde I, Seyè.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m, Seyè.

Nan Non Jezi, geri sè m!...?...

Nan Non Jezi, geri sa a.

Nan Non Jezi, geri sè m.

200 Beni w, frè. Nan Non Jezi, geri Frè Cox, Seyè. Louwe Bondye!

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

201 Kounye a, sonje, m ap mete chak bout lafwa ke m konn pou m fè, nan sa a, pou yon objektif.

Nan Non Jezi, geri ti fi sa a.

Nan Non Jezi, geri sè sa a.

202 Bondye, m poze men sou bebe an. Konsa li va geri, nan Non Jezi. Amèn.

Nan Non Jezi, geri ti fi an.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri frè m sa a.

203 Ti fi an? Kenbe yo devan nou. Nan Non Jezikri, geri yo, Seyè, pou glwa W.

Nan Non Jezi, geri sè nou.

Nan Non Jezi, geri sè nou.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Jezi, geri ti frè m.

Nan Non jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

204 Nan Non Jezikri, m mande gerizon I.

Nan Non Jezi, geri sè m, Seyè.

Nan Non Jezi, geri ti frè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezikri, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

205 Nan Non Jezikri, geri frè m, pitit la.

Nan Non Jezi, geri yo, Seyè.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Non Jezi, geri frè m.

Geri sè m, nan Non Jezi.

Geri frè m, nan Non Jezi.

Geri sè m, nan Non Jezi.

Geri sè m, nan Non Jezi.

Geri sè m, nan Non Jezikri.

Geri sè m.

206 Geri sè m. Beni yo, Seyè, pou pa yo...?...nan Non Jezi.

Nan Non Jezi, geri sè m.

Nan Non Jezi, geri frè nou.

Nan Non Jezi, geri frè nou, Seyè.

Nan Non Jezikri, geri sè m, Seyè.

Nan Non Jezi, akòde rekèt li.

Nan Non Jezi, geri frè m.

207 Depoze enkredilite nou. Vin, kwè kounye a, Bondye ap akòde I. Vini, kwè li, epi Bondye ap akòde I. M kwè sa. M ap sèvi ak tout lafwa ke m konnen. "Yo va poze men sou malad yo; yo va geri."

Nan Non Jezi, geri frè m.

Nan Non Jezikri, geri sè m.

208 Kijan vizyon sa a ye, Frè Neville? Frè Dauch, yon twofe gras Bondye! Sa se nonm ki te sipoze mouri a, sa fè yon sèmèn oswa de.

209 Nan Non Jezikri, Bondye, Ou dwe renmen li, Papa, paske Ou te fè gran bagay pou li. M poze menm m sou li, nan Non Jezikri.

210 Seyè Bondye, sou presye madanm li, m poze menm m sou li, Non Jezikri an, pou gerizon li. Amèn.

Se yo tout?

211 Kounye a, ann koube tèt nou kounye a.

Gran Doktè a toupre kounye a,

Jezi ki konpatisan;

Li pale ak kè tonbe pou ankouraje I,

O, tandè vwa Jezi a.

Nòt ki pi dous nan chan serafen,

Non ki pi dous sou lang mòtèl;

Chan lajwa ki pi dous ki te janm chante,

Jezi, Jezi beni.

212 Èske nou konnen kisa m te fè nou? Nou te rele m: “pastè nou”; e nou di byen, paske se sa m ye. Si mwen, pastè nou, te idantifye pa Jezikri, ke mwen fè zèv Li, alò kwè Pawòl mwen. Pa aji aksyon lafwa sa a, pa poze men sou nou, m te kondane maladi a ak afliksyon yo kap deranje nou. Kwè sa, konsa nou va gen rekèt nou, kèlkeswa sa I ye a, paske tout bagay posib pou sila yo ki kwè. E lè nou priye, kwè ke nou resevwa sa nou te mande a. E mwen vrèman kwè ke mwen resevwa li, e nan kè m mwen asepte chak grenn nan gerizon nou, mwen asepte I, ke li fèt. Mwen kwè li, m kwè I ak tout sa k nan mwen. Epitou, ak menm m sou mouchwa sa yo ki poze isi a, m tap veye pre, m kwè ke y ap pwodwi jis egzktèman sa moun yo te mande. M—m kwè I.

213 Sa ap vini nan Twazyèm Pull sa a! M—m ap kwè li. Kounye a m vle mande nou yon kesyon sensè, noumenm ki te pase nan liy priyè a. Èske nou ka kwè an reyalyte, epi santi kounye a, ke gen yon bagay ki te pase nan nou depi nou te gen men ki te poze sou nou? Leve men nou!...?... Men li. Se sa nou tap tann lan. Kounye a, se pa... Sa jis ap kòmanse fleri kounye a. Ou wè? Te jis kòmanse ak...M te fè sa pou yon objektif. M te fè sa pou yon objektif. M ap travay sou on bagay, ou wè, sa ap pran chay lafwa sa a epi ap tounen dwat pou kòmanse epi antre; ou wè, pou on jan leve lafwa nan yon nivo kote nou pat janm remake sa fason sa a anvan. Pa yon lafwa, men yon Lafwa Pafè, devlope li anndan *isi a*. Epi gade yon Bondye pafè, ak yon kè pafè, kenbe yon pwomès pafè, pa Pawòl Pafè Li, ki pi file pase yon nepe de bò epi Youn ki Disène panse kè a. Kisa? N ap vini kounye a nan pèfeksyon an, paske moun yo dwe vini nan sa pou Anlèvman an. Se sa k kenbe l lwen kounye a menm, se tann pou Legliz sa a antre nan Lafwa Pafè pou Anlèvman sa. Ap tann li. Sa vle di anpil razaj pou mwen, sa vle di anpil pou nou, men ansanm n ap fè l pa gras Bondye. Amèn.

Gran Doktè an toupre kounye a,

Konpatisan an...

214 Seyè Jezi, beni chè frè mwen. Ke Sentespri W la toujou fè pastè sa a byen, epi kenbe l an sante epi djanm, nan sèvis ke W te rele l la. Nan Non Jezi. M ap reklame l, Seyè. M renmen l. Mwen reklame l. Nou konnen ke se vre. N ap kwè l kounye a.

Chan lajwa ki pi dous ki te janm chante,

O Jezi, Jezi beni.

215 Èske nou pa renmen L? Jis panse: *isi a* menm kounye a, te deja kòmanse yon travay nan kò nou, de gerizon nou, paske Li te pwomèt li tap rive. E kounye a, ou wè, èske nou te kapte sa mwen tap di aswè a? Èske nou konprann enigm la? Ou wè: “Si *nou di mòn sa a*,” ou wè, pa doute, pa doute, men kwè ke sa nou te di a. Kounye a gade l, nan mwens ke senk minit, tout men te

leve, ke yon travay te kòmanse nan yo touswit. O la la! Men Li la a. Se sa! Kisa l ye? Prezans gran Doktè a.

216 O, ann leve men nou bay Bondye epi chante l ankò.

Gran Doktè a toupre kounye a,

Jezi ki konpatisan;

Li pale ak kè tonbe pou ankouraje l,

O, tande vwa Jezi a.

Nòt ki pi dous nan chan serafen,

Non ki pi dous sou lang mòtèl;

Chan lajwa ki pi dous ki te janm chante,

O Jezi, Jezi beni.

217 Ann jis ret trankil yon minit. Ann jis adore L nan kè nou. Panse a sa: Bondye, Li isi a. Li isi a. Kimoun? Kimoun ki te idantifye Tèt Li kòm etan Pawòl la? “Nan kòmansman an te gen Pawòl la, epi Pawòl la te ak Bondye, epi Pawòl la te Bondye. E Pawòl te fèt chè epi te abite nan mitan nou, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Pawòl la pi file pase yon nepe de bò, menm Youn ki Disène panse ak entansyon (pou kisa nou vin isi a, pou ki objektif nou isi a, kimoun nou ye)”;

te idantifye Jezikri etan Mesi a, e jodi a Li idantifye Li etan menm Mesi a, ayè, jodi a, ak pou tout tan.

218 Gran Doktè a, Ki isi a, Ki te di: “Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè. Si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri. E si nou di mòn sa a: ‘Deplase,’ epi pa doute nan kè nou, men ka kwè.” Si Li ka kreye ekirèy, ki pat gen okenn mwayen ditou, oswa anyen la a pou kwè; se pwòp lafwa pa m ki ale epi ki fè sa, lafwa m nan sa L te ban m defi pou m mande. Li te ban m defi pou m mande

I. E m te resevwa defi Li a nan obeyisans pou Pawòl Li, m te mande I, epi I te parèt! Bondye nan Syèl la konnen se vre. Èske L pa ka geri malad yo tou? Si L ka leve m ak yon lafwa fason sa a, menm pou moun yo, menm si yo pa ka grenpe nan pozisyon sa a. Si yo pa ka fè I, Li ka sèvi ak lafwa m. Li ka leve m nan plas sa a, epi m ap grenpe pou nou. M ap kwè pou nou. M ap pale pou nou.

219 M se frè nou, ki kanpe kòm frè nou, yon entèsesè, ap eseye tout sa m kapab pou m kenbe nou devan Bondye. E m ap kanpe isi a dwat devan Twòn Blan an kounye a, epi m ap make sa...ap lonje dwèt mwen sou Sakrifis an san sa a la a, epi ap pale nan Non Li ke sa fèt. Li dwe rive, e I dwe rive. Nou konnen I te rive. Mwen konnen I te rive, kidonk èske nou konnen I te rive, e se konsa I ye. Se vre. Amèn.

...chante lajwa ki te janm chante,

O Jezi, Jezi beni.

Nòt ki pi dous nan chan serafen,

Non ki pi dous sou lang mòtèl;

Chan lajwa ki pi dous ki te janm chante,

O Jezi, Jezi beni.

220 E demon yo te soumèt a nou nan Non Ou, Non ki pi dous sou lang mòtèl. Demon yo... Ki—Ki leve mò yo, Ki geri malad yo, Ki netwaye lepre yo, Ki chase demon yo, Ki fè Kreyen. Pa gen lòt Non anba Syèl la. M viv nan Li, te batize nan Li, kwè Li, adore nan Li. O, kite m vin on pati nan Li. Kite m pèdi pwòp tèt mwen; epi jwenn li, Seyè, nan Ou, Non Sa a ki rele Jezikri, Mesi wen an, ke te ka fè wout mwen atravè labou enkredilite a pou bay reflè bote Jezikri a: menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

221 Bondye beni nou kounye a. Lè nou tounen isi a dimanch pwochen, bay temwayaj la de kijan nou te geri, kisa k te rive semèn sa a. Gade epi wè sak rive. Li fini! “Kijan w fè konnen?”

222 Li te di m pou m “di sa,” epi m te di l. Se sa. Se sa. Li fini. M kwè l. Kounye a, pastè a, Frè Neville.

223 Jis on moman. [Yon frè pale nan yon lòt lang. Yon lòt frè bay yon entèpretasyon—Editè a.]

224 Se pou Non Seyè a beni. Ann leve men nou epi adore L yon minit.

225 Nou di W mèsi, Seyè. Nou di W mèsi, Seyè. Mèsi, Papa. Mèsi, Papa.

226 Antanke yon kwayan, èske nou remake distans lan nan ki kantite nan mesaj la ki te pale; ak nan rit li te pale ladann, epi gade entèpretasyon an ki tounen menm jan an? Se sa. Gad kisa l te ye, egzakteman ak Mesaj la; epi ap konfime ke bagay la te Verite an, ke L te deja fè sa Li te pwomèt nou Li tap fè. Gade fason sa vini an, epi gade fason sa entèprete. Gade kantite tan *li* te pale, epi gade konbyen mo *li* te di, ou wè, jis egzakteman.

Seyè a beni nou, jouk m wè nou ankò. Amèn.